УФ-м и Президент Путин Владимир дыгъуасэ Налшык щыIащ

Абы иригъэкIуэкIащ Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ советым и зэIущIэ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№143 (23.957) ● 2019 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 30, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэрал мыхьэнэ зиIэ Iуэхуэр

● Дыгъуасэ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир щэкIуэгъуэм и 29-м Налшык щыгъэкIуэкIащ УФ-м и Президентым деж Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ советым хэтхэм я зи чэзу зэIущIэр. Абы щыхэплъащ Урысей Федерацэм и Къэрал лъэпкъ политикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм кьагъэув кьалэнхэмрэ Iуэхуэмрэ гъэзэщIа зэрыхъум.

ЗэIУЩIэМ и пэщIэдзэм Путин Владимир КъБР-м и Iэтащхьэм фIыщIэ хуищIащ «ДыгъафIэ кьалэ» сабий творчествэмкIэ республикэ унэм и лэжьыгъэр екIуу зэрызэтеублам папщIэ. «Иджыпсту хэгъэгу куэдым щаухуэ апхуэдэ центрэр, илъэсым и кIэм иджыри зы Iуэхущ Iа Iуэхуэ яуахунущ. Ауэ иджыпсту дызэщIыгъа лэжьыгъэ куу щокIуэкI, щылажьэхэри гуапэ защIэщ, жыджэрхэщ, щIэныгъэ яб- гъэдэлъщ, гухэхъуэт уахэплъэну», - жиIащ Путиным.

- Нобэрей зэIущIэр щекIуэкIыр Кавказ Ищхьэрэм и кьалащхьэхэм ящыщ зы Налшыкщ. Кьапщтэмэ, арэзы фыкьыздэхъуну кьыщIэкIынщ, лъэпкъ куэд щызэхэс Урысейм дежкIэ Кавказ Ищхьэрэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр жысIэмэ. ЛIэщIыгъэкIэрэ мыбы щызэдопсэу ди къэралым и лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд, абыхэм ящыщ дэтхэнэми езыр зэрыгушхуэ бзэ, хабзэ, тхыдэ иIэжщ, иропагэ и лIыхъужьхэм, спортсменхэм, лэжьакIуэжьхэм. Мыбы хабзэ щызэрахьэ, я хьэщIэ гъэхьащIэкIэмкIэ, адэ-анэм, нэхъыжьым, унагъуэм хуащI пщIэмкIэ щIэрыIуэщ, - кьыхигъэщащ къэрал Унафэщым. - Кавказ лъэпкъхэм я хэкум хуаIэ лъагъуныгъэр мызэ-мытIэу ди фIэщ ящIащ икIи псоми ди зэхуэдэ Хэкур, Урысейр, зылI и быну зэкъуэту зэрахъумэнум щэч кьытетхьэркъым. Апхуэдэ хэкупсэ лъапIэныгъэхэрщ урысей жылагъуэр зэкъуэзыгъэувэр, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэм лъабжьэ хуэхъур, дин зэмыщхьхэр зезыхьэхэм я зэхуаку зэхущытыкIэфIэхэр кьыдэзыпхьэр. Мис абыхэм урысей хэгъэгухэм я зыужьыныгъэр нэхъри щIагъэбыдэ, щIэныгъэ, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэр ирагъэфIакIуэ.

- Абы кьыдэкIуэу кьыхэзгъэщыпхьащ, лъэпкъ зэхущытыкIэм гулъытэ хэха зэрыхуэщIыпхъэр, лэжьыгъэ пыухыкIаxэр зэрехьэлIапхъэр, - кьэпищащ Путин Владимир. - Ар цIыхум и узыншагъэм ещхьщ - сытым дежи егупъэн хуэйщ. ЩIыналъэ псоми я Iэтащхьэкъэм зауэгъэзэну сыхуейщ къэрал лъэпкъ политикэм сытым дежи я нэIэ трагъэтыну, лъэпкъ-щэнхабзэ жылагъуэ зэгучъэныгъэхэм нэхъ быдэу япыщIауэ ядэлэжьэну. Нобэ дытепсэлъыхьынущ а зэгучъэныгъэхэм хабзэм кьигъуэв я статусыр зыхуэдэм, езыхэм я зэдалэжьэныгъэми, ахэр властым зэрадэлажьэми я жьпхъэхэм, апхуэдэуи дыщIэдэIунущ Iулыдж зиIэ цIыхухэм я Iуэху елпIыкIэм, лъэпкъ зэгучъэныгъэхэм я лIыкIуэхэм кьыхалъхэ жэрдэмхэм, щIэныгъэ, творческэ интеллигенцэм, диныи и лэжьакIуэхэм, щIалэгъуалэм я гупсысэхэм. Абыхэм я макъыр кьыщыIун хуейщ щIынальэхэм кьыщыхэздгъэпэщ жылагъуэ советхэм, чэнджэщагъуэ органхэм. Апхуэдэ структурэхэр кьыхэзгъэпэщыныр, дауи, мащIэщ, нэхъыщхьэр ахэр купщIафIэу лэжьэныращ, пIалъэпIалъэкIэрэ зэхуэс мыхьуу, я IуэхущIафэхэм сэбэп кьыпэкIуэу щытын хуейщ, икIи жылагъуэр зыгъэпIейтейхэрщ кьаIэтыпхъэр.

Президентым кьыхигъэщащ къулыкъущIэхэм ящыщу апхуэдэ лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкIыпхъэр лъэпкъ, дин Iэхум кууэ хэзыщыкIхэр зэрыарар, абы папщIэ апхуэдэ Iэщ Iагъэпхъэм я щIэныгъэм хагъэхъуэну унафэ зэрищIар, еджапIэ нэхъыщхьэхэр, егъэджэныгъэ методикэхэр, интернет-ресурсхэр кьэгъэсэбэпын зэрыхуейр.

Къэрал унафэщIыр щхьэхуэу тепсэлъыхьащ лэжьыгъэ кьалъхьхъуэу Урысейм кьэIэпхъуэхэр ди щIыналъэм иэзгъэныкIэ егъэкIуэкIыпхъэ Iэхуэхэм. «Хамэ щIыпIэ кьикIа- хэр ди гуапэу кьызэредгъэблагъэм хуэдэу, ди деж щеджэну, щылэжьэну, щыпсэуну хуейхэм дадэIэпыкъун хуейщ, ауэ щыхъукIи щIэпхъаджагъэм дыхуэзышэнкIэ хъуну зы Iуэхуи дытеплъэкъукI хъунукъым», - кьыхигъэщащ Путин Владимир.

Къэрал Унафэщым кьызэхуэсахэм я пащхьэ щыжиIащ ООН-м и жэрдэмкIэ 2019 гъэр Лъэпкъыб-зэхэм я дунейпсо илъэсу зэрыщытар, ар зэрырагъэкIуэкIам теухуа хъыбархэр зэIущIэм зэрыщыжаIэнур, нэхъапэкIэ зи гугъу ящIауэ щыта, Лъэпкъ гъуазджэмрэ щэнхабзэ щIэинхэмрэ я илъэс Урысейм щегъэкIуэкIыныр 2022 гъэм трагъэбыдэ зэрыхъунур.

Президентыр кьытеувыIащ дызытехьэ илъэсым ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ зэрырикъур къэралым Iэтауэ зэрыщагъэлъэпIэнум, 2020 гъэр Фэеплъымрэ щIыхьымрэ я илъэсу зэрыщытынум, абы дэтхэнэ зыри жыджэру хэлIыфыхьыну кьыузэрыхуириджэр жиIащ Путиным.

Япэу псалъэ зрата, УФ-м щэнхабзэмкIэ и министр **Мединский Владимир** убгъуауэ тепсэлъыхьащ «ЩэнхабзэР» лъэпкъ проектыр ди къэралым зэрыщылажьэм, ар лъэпкъ щэнхабзэр хъумэным, цIыхубэ зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным, щэнхабзэр псоми я зэхуэдэу щытыным лъабжьэ зэрыхуэхъур. Псом япэу министрым кьыхигъэщащ къуажэхэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэхэр зэрызэрагъэпэщыжыр, зыдэмытхэм зэрыщаухуэр. Псом хуэмыдэу гулъытэ нэхъыбэ мы гъэм ягъуэт Кавказ Ищхьэрэмрэ КъуэкIыпIэ Жыжьэмрэ. А щIыналъэтIым ЩэнхабзэмкIэ унэу 80 щаухуащ, 220-рэ щызэрагъэпэщажащ, библиотекэхэр кьыщагъэщIэрэщIэжащ. «Модельнэ библиотекэхэр щIыналъэхэм кьыщызэIухыным федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу 2019 гъэм псом мелардым нэс хуэхэтхащ, щIыналъэ мылъкум щыщу кьыхалъхьэхэр хэмыту», - жиIащ Мединскэм. Министрыр тепсэлъыхьащ «ЩэнхабзэР» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ музейхэр, театрхэр, кино гъэлъэгъуапIэхэр зыхуей зэрыхуагъэзэжым, лъэпкъ творчествэр дэIыгъыным гулъытэ хэха зэрыхуащIым, нэгъуэщIхэми.

Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ советым хэтхэр тепсэлъыхьащ лъэпкъ политикэм и щхьэхуэныгъэхэмрэ ахэр щIыналъэхэм гъэзэщIа зэрыщыхъумрэ, Урысейм ис лъэпкъ цIыкIухэм я бзэр хъума хъуным епхауэ ящIэхэмрэ иджыри лэжьыпхъэхэмрэ, цIыхубэм я зэхэтыкIэр егъэфIэкIуэныкIэ хэкIыпIэхэм, абы и лъэныкъуэкIэ щIыналъэхэм щыщыIэ щытыкIэхэм, лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэр зэрадж хъыпхэр зыхуей хуэзэу зэгъэпэщын зэрыхуейм, къэрал властымрэ лъэпкъ щэнхабзэ центрхэмрэ я зэдэлажьэкIэм, урысейпсо къэрал лъэпкъ политикэр ефIэкIуэн папщIэ гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщIыпхъэхэм, нэгъуэщI куэдми.

Зэхуэсым кьыщыпсэлъащ Урысей Федерацэм цIыкухэм щIэныгъэ егъэгъуэтыныкIэ и министр **Васильевэ Ольгэ**, лъэпкъ IуэхуэмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщI **Баринов Игорь**, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и Унафэщым и куэдзэ **Умаханов Ильяс**, «Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я урысей конгресс» урысейпсо жылагъуэ зэщIэхъеенныгъэм и совет нэхъыщхьэм и Iэтащхьэ **Паскачев Асламбек**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым тетынущ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Путин Владимир Налшык щыIущIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек

Налшык лэжьыгъэ IуэхуэкIэ кьызэрыкIуам хыхьэ Iуэхуэм я кIэухуэ, Путин Владимир IущIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

Путин Владимир: Казбек Валерий и къуэ, кьызжеIэт, республикэм сыт и псэуакIэ?

КIуэкIуэ Казбек: Псори хъарзынэщ, псори тэмэмщ. Япэрауэ, лъэпкъ куэд щызэдэпсэу Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм кьабгъэдэкIыу фIыщIэ пхуэсщIыну сыхуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрым сыт щыгъуи кьытхуэпщI гулъытэм папщIэ. Тхьэм уигъэпсэу. Нобэ Уэ ди деж укъызэрыкIуар ди Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу дэтхэнэм дежкIи пщIэшхуэщ.

Путин Владимир: Я гугъу дыгъэщIыт иджыпсту щыIэ гугъуехьхэм, мыхьэнэ нэхъыбэ зиIэу кьэпIыьытэхэм.

КIуэкIуэ Казбек: Владимир Владимир и къуэ, зэрыщыту кьапщтэмэ, 2019 гъэм и пэщIэдзэм унэтIныгъэ нэхъыщхьэхэм кьыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэфIхэм адэкIи пыдощ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым и хэхъуэхэр нэхъыбэ тщIыныр тхуэзфIокI.

2020 гъэм тедухуащ сом мелард 43,9-рэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ 2018 гъэм кьыщыщIадзауэ цIыху къэс тещIыхьауэ мин 50-м нэсу, ар процент 25-кIэ нэхъыбэщ. Абы дэ Iэмал кьыдитащ льготэ хущхъуэкIэ цIыхухэр кьызэрызэдгъэпэщыр ёдгъэфIэкIуэну. Мы дызэрыт 2019 гъэр кьатщтэмэ, сом мелуан 69-рэ хэдгъэхъуэну тхузэфIэкIащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, процент 20 кьыщIедгъэгъуащ. ДызыхужкIуэ илъэсым дэ сом мелуан 360-м тыдощIыхь, нэгъуэщIу жыпIэмэ, хущхъуэкIэ кьызэгъэпэщыным процент 30-кIэ нэхъыбэ хуэхэтащ.

Апхуэдэуи социальнэ унэтIныгъэмкIэ яхуэхът ахъшэм и гугъу пщIымэ, тхузэфIэкIащ бынищ, нэхъыбэ зиIэ унагъуэхэм я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуэным субсидие яхуэхъныным теуха Iуэхур. Илъэсищ хуэдизу хьуауэ цIыхухэр пэплъэрт абы, мы гъэм бюджетым зэрызэдгъэхъуэфам и фIыгъэкIэ абы и лъэныкъуэкIэ ттелъа щыIэ цIыхухэм еттыжьфащ. Апхуэдэ мылъку унагъуэ 330-м яIэрыхьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр, зэрыщыту кьапщтэмэ, ефIэкIуэжу хуежьащ. Абы, иджыри зэ кьытезгъэзэжькIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Къэжэр Хьусен** кьыхигъэщхьэхуКIащ мы зэIущIэр фенилкетонурие узыфэ зыкъыт сымаджэхэм ядэIэпыкъунымкIэ республикэ жылагъуэ зэгучъэныгъэм и жэрдэмкIэ кьызэрызэрагъэпэщар. Льготэ зиIэ цIыхухэр хущхъуэхэмкIэ кьызэгъэпэщыным пыщIа гугъуехьхэр КъБР-м и мызакъуэу къэралым и нэгъуэщI щIыналъэ куэдми щыIэщ. Ауэ нобэм ирихьэлIэу ахэр кьызэзнэкIыным хуэгъэзауэ республикэм куэд щызэфIагъэкIащ икIи абы и лъэныкъуэкIэ тхьэусыхафэхэм я бжыгъэм нэрылъагъуу кIэрыхуащ.

ЗэIущIэм кьыщаIэта Iуэхур зэпкърыхауэ кьызэхуэсахэм я пащхьэ ирихьащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ **Нээрэн Бесльэн**. Мы зэманым зекIуэ законодательствэм ипкъ иткIэ цIыкуу гуп щхьэхуэхэр хущхъуэхэмкIэ кьызэрызэпэщыныр унэтIныгъэ щIыным хуэзэ ирагъэкIуэкI, жиIащ абы.

(КIэухыр 2 нэ нап.)

ЦIыхухэр хущхъуэхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщым топсэлъыхь

IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр кьрихьэлIэу КъБР-м и Парламентым иджыблагъэ щекIуэкIа зэIущIэр теухуауэ щытащ льготэхэр зиIэ гупхэм хиубыдэ цIыхухэр хущхъуэхэмрэ узыншагъэр зэтезыгъэувэж шхыныгъуэхэмкIэ кьызэрызэрагъэпэщым. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Кьардэн Мурат, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд органхэмрэ щыIэ ДышэкI Мадинэ, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, министерствэхэм, ведомствэхэм, узыншагъэр хъумэнымкIэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр.

ЗэIУЩIэР кьыщызэIуихым КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Кьардэн Мурат** жиIащ льготэ зиIэ цIыхухэр хущхъуэхэмкIэ кьызэгъэпэщыныр узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм нэхъ мыхьэнэшхуэ щызиIэхэм зэращыщыр.

КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Къэжэр Хьусен** кьыхигъэщхьэхуКIащ мы зэIущIэр фенилкетонурие узыфэ зыкъыт сымаджэхэм ядэIэпыкъунымкIэ республикэ жылагъуэ зэгучъэныгъэм и жэрдэмкIэ кьызэрызэрагъэпэщар. Льготэ зиIэ цIыхухэр хущхъуэхэмкIэ кьызэгъэпэщыным пыщIа гугъуехьхэр КъБР-м и мызакъуэу къэралым и нэгъуэщI щIыналъэ куэдми щыIэщ. Ауэ нобэм ирихьэлIэу ахэр кьызэзнэкIыным хуэгъэзауэ республикэм куэд щызэфIагъэкIащ икIи абы и лъэныкъуэкIэ тхьэусыхафэхэм я бжыгъэм нэрылъагъуу кIэрыхуащ.

ЗэIущIэм кьыщаIэта Iуэхур зэпкърыхауэ кьызэхуэсахэм я пащхьэ ирихьащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ **Нээрэн Бесльэн**. Мы зэманым зекIуэ законодательствэм ипкъ иткIэ цIыкуу гуп щхьэхуэхэр хущхъуэхэмкIэ кьызэгъэпэщыныр унэтIныгъэ щIыным хуэзэ ирагъэкIуэкI, жиIащ абы.

(КIэухыр 2 нэ нап.)

Зэныбжьэгъугъэм и дамыгъэ

● Депутат лэжьыгъэ

Iуащхьэмахуэ, Бахъсэн районхэм ящыщ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ хэтащ Гундзлэн къуажэм иджыблагъэ кьыщызэIуаха зыгъэпсэхупIэм зегъэубгъуным икIи ар егъэфIэкIуэным теухуа лэжьыгъэм. Iуащхьэмахуэ районым и администрацэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и кьудамэм и жэрдэмкIэ ирагъэжьа мы Iуэхум хигъэхьагъэ дыхуэзышэнкIэ хъуну зы Iуэхуи дытеплъэкъукI хъунукъым», - кьыхигъэщащ Путин Владимир.

Къэрал Унафэщым кьызэхуэсахэм я пащхьэ щыжиIащ ООН-м и жэрдэмкIэ 2019 гъэр Лъэпкъыб-зэхэм я дунейпсо илъэсу зэрыщытар, ар зэрырагъэкIуэкIам теухуа хъыбархэр зэIущIэм зэрыщыжаIэнур, нэхъапэкIэ зи гугъу ящIауэ щыта, Лъэпкъ гъуазджэмрэ щэнхабзэ щIэинхэмрэ я илъэс Урысейм щегъэкIуэкIыныр 2022 гъэм трагъэбыдэ зэрыхъунур.

Президентыр кьытеувыIащ дызытехьэ илъэсым ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ зэрырикъур къэралым Iэтауэ зэрыщагъэлъэпIэнум, 2020 гъэр Фэеплъымрэ щIыхьымрэ я илъэсу зэрыщытынум, абы дэтхэнэ зыри жыджэру хэлIыфыхьыну кьыузэрыхуириджэр жиIащ Путиным.

Япэу псалъэ зрата, УФ-м щэнхабзэмкIэ и министр **Мединский Владимир** убгъуауэ тепсэлъыхьащ «ЩэнхабзэР» лъэпкъ проектыр ди къэралым зэрыщылажьэм, ар лъэпкъ щэнхабзэр хъумэным, цIыхубэ зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным, щэнхабзэр псоми я зэхуэдэу щытыным лъабжьэ зэрыхуэхъур. Псом япэу министрым кьыхигъэщащ къуажэхэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэхэр зэрызэрагъэпэщыжыр, зыдэмытхэм зэрыщаухуэр. Псом хуэмыдэу гулъытэ нэхъыбэ мы гъэм ягъуэт Кавказ Ищхьэрэмрэ КъуэкIыпIэ Жыжьэмрэ. А щIыналъэтIым Щэнхабзэмкlэ унэу 80 щаухуащ, 220-рэ щызэрагъэпэщажащ, библиотекэхэр кьыщагъэщIэрэщIэжащ. «Модельнэ библиотекэхэр щIыналъэхэм кьыщызэIухыным федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу 2019 гъэм псом мелардым нэс хуэхэтхащ, щIыналъэ мылъкум щыщу кьыхалъхьэхэр хэмыту», - жиIащ Мединскэм. Министрыр тепсэлъыхьащ «ЩэнхабзэР» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ музейхэр, театрхэр, кино гъэлъэгъуапIэхэр зыхуей зэрыхуагъэзэжым, лъэпкъ творчествэр дэIыгъыным гулъытэ хэха зэрыхуащIым, нэгъуэщIхэми.

Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ советым хэтхэр тепсэлъыхьащ лъэпкъ политикэм и щхьэхуэныгъэхэмрэ ахэр щIыналъэхэм гъэзэщIа зэрыщыхъумрэ, Урысейм ис лъэпкъ цIыкIухэм я бзэр хъума хъуным епхауэ ящIэхэмрэ иджыри лэжьыпхъэхэмрэ, цIыхубэм я зэхэтыкIэр егъэфIэкIуэныкIэ хэкIыпIэхэм, абы и лъэныкъуэкIэ щIыналъэхэм щыщыIэ щытыкIэхэм, лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэр зэрадж хъыпхэр зыхуей хуэзэу зэгъэпэщын зэрыхуейм, къэрал властымрэ лъэпкъ щэнхабзэ центрхэмрэ я зэдэлажьэкIэм, урысейпсо къэрал лъэпкъ политикэр ефIэкIуэн папщIэ гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщIыпхъэхэм, нэгъуэщI куэдми.

Зэхуэсым кьыщыпсэлъащ Урысей Федерацэм цIыкухэм щIэныгъэ егъэгъуэтыныкIэ и министр **Васильевэ Ольгэ**, лъэпкъ IуэхуэмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщI **Баринов Игорь**, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым и Унафэщым и къуэдзэ **Умаханов Ильяс**, «Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я урысей конгресс» урысейпсо жылагъуэ зэщIэхъеенныгъэм и совет нэхъыщхьэм и Iэтащхьэ **Паскачев Асламбек**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым тетынущ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Си ныбжьэгъуфI

● «Адыгэ псалъэр» къыхыхьох

Хэкумрэ хамэ къэралхэмрэ зэпищIэу, си лъэпкъэгъуэм нэхъ гъунэгъу сахуищIу, си анэдэлъхубзэкIэ щIыпIэ жыжьэм кьыщызэпсалъэу сиIэщ сэ «Адыгэ псалъэр». Истамбыл сыдэс пэтми, пщэдджыжь къэс «кьыслIэрохьэ» мы газетыр. АбыкIэ сэбэпышхуэщ иджырей технологие Iэмалхэр. Адыгэ газетым и сайтым зэпэщу къралъхьэ тхылъымпIэм тету къыдэкI псори, электрон къыдэкIыгъуэри удэзыхьэхщ.

ИДЖЫРЕЙ зэманым дэбакъуэу лажьэ редакцэм щIэщыгъуэ куэд ди пащхьэ кьрелъхьэ, ди цIыху щыпкъэхэм ятеуха тхыгъэхэмрэ журналистхэр зыхэт Iуэхугъуэхэмрэ уеджэну щхьэпэщ. КIуэаракъэ, республикэм уимысми, абы щекIуэкI гъащIэр уи нэгу кьыщIегъэувэф, адэжь хэкум хуэзэша уи псэр щыз ещIыф.

КьищыкнэмыщIауэ, псом нэхърэ нэхъ сфIэфIыр адыгэм и тхыдэм теуха тхыгъэ купщIафIэхэрщ. Абы кьытехуэ тхыгъэхэр щызэхуэхьса зы тхылъи щыIэкъым. Аращ «Адыгэ псалъэр» библиотекэм щIегъэщхьыр. СызыхэпсэукI гъащIэмрэ сыкъызыхэкIа Iуэхуэхэм я пащхьэ ятеуха гъэщIагъэуэн куэд щызэхуэхьса адыгэ газетыр хэт и пащхьи ипхьну узытемыукIытыхьыщ, си щхьэкIэ зризэщIагъуэу ар яжьзолэ Тыркым иц адыгэхэм.

Ди зэманым декIуу «Адыгэ псалъэр» кьызэрыдэкIым сыщогуфIыкI икIи дэнэ щыпсэу адыгэрэ кьызэрыдэжь я газетыр ныбжьэгъуу иIэну. Си щхьэкIэ, си ныбжьэгъуфIэ.

ЦЕЙ (ХЬЭЩЭ) Мадинэ.
Истамбыл къалэ

Iэ тедзэгъуэр йокIуэкI

ДызыхуэкIуэ 2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм цIыхухэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIрагъэдзу хуежьащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну уейхэм хъыбар фыдогъащIэ: ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей почтым и дэтхэнэ IуэхущапIэми.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 696-рэ кIэпIейкIэ 30-рэщ.

Ди индексыр П 5894.

Марьяш Иринэ куэдым щIоупщIэ

Къэрал Думэм и депутатхэм щIыналъэхэм щрагъэкIуэкI тхьэмахуэ лэжьыгъэм хиубыдэу «Урысей зэкъуэт» фракцэм хэт Марьяш Иринэ Iуащхьэмахуэ районым щыIащ икIи Былым, Бедыдж, ЛашкIутIэ къуажэхэм ящыщу зи щхьэ Iуэхукlэ къекIуэлIаxэм яхуэзащ.

ТХЬЭУСЫХАФЭ, лъэIу зэмылIэужьыгъуэхэр яIэу я махуэм депутатым зыкъыхуагъэзащ щIыху 13-м. Абыхэм нэхъыбэу кьаIэтар бынищ, нэхъыбэ зиIэ унагъуэхэм я псэупIэхэр егъэфIэкIуэнырщ, унэхэр зращIыхьын щIапIэхэр яхуэхэнырщ.

«Унэхэр ящын папщIэ цIыхухэм щIы Iыхьэхэр епткIэ зэфIэкIынукъым, щIапIэхэр зыхуеину инфраструктурэмкIэ кьызэзгъэпэщын хуейщ. Абы кьыхэкIыу мы Iуэхур тэмэму дэкIын папщIэ зыхуэфащэ комплекс бгъэдыхьэкIэ кьыхуэгъуэтыпхъэщ», - жиIащ Марьяш Иринэ.

Депутатыр иужькIэ еплъащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэжьыныр» къэрал программэм ипкъ иткIэ Былым къуажэм дащIыхь футбол джэгуплэм. Ар кьухэжкуи щаухуэ, футболым дихьэххэм я щыслIэхэр иIэу, гъуэр футбол джэгуплэм и мардэхэм къитIасэу.

ТАРИМ Алисэ.

Цыхухэр хущхъуэхэмкІэ къыззрызэрагъэпэщым топсэлъыхь

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

2019 гьэм и щэкІуэгъуэм ирихьэлІэу КъБР-м исащ федеральнэ льготэхэр зиІэ цыхуу 12114-рэ, щыІналъэ льготэхэр зиІэу 30660-рэ. Мы гьэм щэкІуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу ягъэхъужьын папщІэ ахъшээшхуэ зытекІуадэ узыфэхэм я программэмкІэ Федеральнэ регистрым и щыналъэ Іыхьэм щыхуу 1001-рэ иритащ. Апхуэдэ цыхухэр 2018 гьэм зэрыхъуу щытар 895-щ, зэрыгъэгъущи, апхуэдэ сымаджэхэр илъэсым ириубыдэу процент 12,2-кІэ нэхъыбэ хъуащ. 2019 гьэр кІыззрихьэрэ Урысейм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм хущхъуэ зэмылІэужьыгъуэу сом мелуан 297,77-рэ республикэм кьригъэшащ икІи абы ипкъ иткІэ льготэ зиІэ рецепт 2155-м хуэзэу сом мелуан 286,7-рэ и уасэ хущхъуэ цыхухэм иратащ.

Ахъшэшхуэ зытекІуадэ узыфэ 12-м еІэзэнымкІэ программэм ипкъ иткІэ хущхъуэхэр КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм игъэхьа заявкэхэм тету икІи дэтхэнэ сымаджэри зыхуеиным тещІыкІыхьаэ Урысейм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм кьещдэжу. Апхуэдэ кІыззгъэпэщыкІэр, жиІащ Нэзрэн Беслъэн, лэжьыгъэм и щапхъэу къэплъыитэ хъунущ, сыту жыпІэмэ, дэтхэнэ сымаджэми зыхуеину хущхъуэ лІэужьыгъуэр езым занщІэу Іэрохьэ.

Доклад зыщІам кьызэригъэлъэгъуамкІэ, зыхуеину хущхъуэхэмкІэ сымаджэхэр кьызэрагъэпэщын папщІэ 2019 гьэр кІыззрихьэрэ федеральнэ бюджетым и субвенцэу, трансферту КъБР-м и республикэ бюджетым сом мелуани 163-м нэблагъэ кьыІэрыхьащ. «Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэным зыщегъэжьыныр» къэрал программэр ГъэзащІэным трагъэкІуэдэн папщІэ 2019 гьэм республикэ бюджетым кьыхухахащ сом мелуан 258-м щигъу.

Нэзрэн Беслъэн кьыхигъэщхьэхукІащ федеральнэ бюджетым, щыналъэ бюджетым я хьэкъкІэ льготэ зиІэ цыху гупэкІэ хущхъуэкІэ кьызэрызэрагъэпэщ щыкІэр законодательствэм Іупщіу зэрызэхимыгъэщхьэхухІыр. Языныкъуэ цыхухэр федеральнэ льготэхэри щыналъэ льготэхэри зыхуэфащэхэм хохьэ. 2019 гьэм цыхухэр хущхъуэкІэ кьызэрэпэщынымкІэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм кьрикІуахэм кьызэрагъэлъагъуэмкІэ, апхуэдэ сымаджэхэр я нэхъыбапІэкІэ хеубыдэ республикэ бюджетым и хьэкъкІэ хущхъуэхэр зыхуахахэм.

Зытепсэлъыхь Іуэхум хэлъ гугъуехьэм я гугъу щищІым, министрым и кьуэдзэм кьыхигъэщхьэхукІащ федеральнэ бюджетым иджыпсту кьиутІыпщ ахъшэр щыналъэм щыІэ сымаджэхэр хущхъуэкІэ кьызэгъэпэщынымкІэ текІуадэм хуэдиз зэрымыхьыр. А Іуэхур ягъэзэкІуэжьын папщІэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм Іуэху пыухыкІахэр зэхилъхьащ.

Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и хущхъуэ хъумапІэ аптекэм и унафэщІ **Жыгун Заремэ** зэпкърыхуэу тепсэлъыхьащ хущхъуэхэр, медицинэ Іэмэпсымэхэр, сымаджэхэм хухах шхыныгъэхэр кьызэращэхум, зэрызэмэм, ахэр зыхуэфащэхэм зэрыІэрагъэхьэм. Жэпуэгъуэм и 1-м щыщІэдзауэ мыбы кьыщагъэсэбэп хущхъуэхэмрэ медицинэ Іэмэпсымэхэмрэ зэрызэблагъэкІым зэрыкІэлъыплъ кьэрал информацэ системэр.

ЗэІущІэм хэтахэм я пащхьэ кьыщыпсэлъащ фениликетонурие узыр зыпкърытхэм ядэІэпыкъуныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Жолаевэ Оксанэ**. Абы зэрыжиІамкІэ, мы уз шынагъуэр зыпкърытхэр цыху 22-рэ мэхъу. Ахэр псэуху иджырей хущхъуэхэр, шхыныгъуэ хэхахэр яІэн хуейщ.

Узыншагъэр хъумэнымкІэ министрым и кьуэдзэ Нэзрэн Беслъэн кьиГъэлъэгъуащ фениликетонурие узыр зыпкърытхэр зыхуэфащэ шхыныгъуэхэмкІэ кьызэгъэпэщыным сом мелуан 18-м щигъу зэрытекІуадэр. КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм мы гьэм апхуэдэ шхыныгъуэу сом мелуан 12-м нэблагъэ уасэ кьищэхуащ. ИкІи федеральнэ бюджетым и ахъшэкІэ сабий ныкъуэдыкІуэу 9, КъБР-м и республикэ бюджетым и ахъшэкІэ цыху 13 зыхуэфащэ шхыныгъуэхэмкІэ кьызэрагъэпэщащ. Мы илъэсым щыщу кьэнэжа зэманым кьриубыдэу сымаджэхэм папщІэ иджыри сом мелуани 6 и уасэ ерыскъы кьащэхунущ.

КъаІэта Іуэхум зэреплъыр зэІущІэм щыжаІащ Налшык къалэм и поликлиникэ №3-м и дохутыр нэхъыщхьэ **Дол Маринэ**, ШэрэдЖ муниципальнэ районым и сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Рахаев Аслъэн**, Май муниципальнэ районым и сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Савченкэ Наталье** сымэ.

Депутатхэмрэ зэІущІэм кьрагъэблагъа унафэщІхэмрэ жаІахэм ябгъ иткІэ зэгъэкьулагъуу къащтащ КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм, нэгъуащІ ведомствэ щхьэхуэхэми яхуэгъэзэ чэнджэщхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Іуащхьэмахуэ телъ мылыр мэткІу

«Европэм нэхъ лъагэ дыдэу щыІэ Іуащхьэм илъэс къэс фІокІуэдмылым и зы процент», - жеІэ КъБР-м и ВГИ-м и унафэщІ Беккиев Мухътар. ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей академием географиемкІэ и институтым кьыззэритымкІэ, 1997 гьэм кьыщыщІэдзауэ 2017 гьэ пщІондэ Іуащхьэмахуэ телъ мылым и процент 20-р ткІуащ. Ар цІыхум кьыхуэмыгъэувыІэн Іуэхугъуэщ икІи 2050 гьэхэм ирихьэлІэу Іуащхьэмахуэ зыгъэдахэ мылым и зэхуэдитыр хъэвыну хуагъэфащэ.

● Абы дегъэпІейтей

БЕККИЕВЫМ зэрыжиІэмкІэ, а Іуэхугъуэ шынагъуэм щхьэусыгъуэ хущхъуэхэм ящыщщ Іуащхьэмахуэ къэбэкъауэу зэрыщытым кьыхэкІкІэ, и лъабжьэр кьызэрыплъыр. «2019 гьэм и фокІадэм ди къэхутакІуэхэр, Іуащхьэмахуэ и щыгум верТолёткІэ щхьэщыхьэри, заплъыхьащ. Пэжыр жыпІэмэ, абыхэм кьытхуахьа бжьгъэхэм дагъэгузавэ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Чугуш жыхуэтІэ мылыр проценти 2,7-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ иужьрей илъэси 7-м кьриубыдэу. Мыпхуэдэ кьэпщытэнэгъэхэр илъэс къэс фокІадэм и 19-м ирихьэлІэу идогъэкІуэкІ, бжьгъэхэр зэдгъэпщэн папщІэ. КъыхэгъэщыпсэщІ: нэгъабэ Іуащхьэмахуэ телъа уэсым нэхъэрэ куэдкІэ нэхъ мащІэщ мы гьэм телъыр», - пещэ унафэщІым.

Псоми зэрытщІэщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым щежэх псыхэм я нэхъыбэр Іуащхьэмахуэ лъапэ деж кьыщохьэ, мылхэр къэвурэ, бгым кьожэх. ЩІэныгъэлІхэр йогупсис: мылыр апхуэдизу псынщІэу ткІумэ, абыхэм зэрызагъэнщІыжьын уэс кьеІмысмэ, псы уэрхэр гъужьнуку? Ахэр гъужьмэ, дауэ хьуну ди щІэныгъэр?!

«Иджыпсту щыщІадзауэ зыхьдощІа ар... Нэхъапэм цІыхухэм тыкуэным псы кьыщащхуу щытакъым. Иджыпсту, псы кьабзэр апхуэдизкІэ кьыдомэщІэкІри, бащырбэм иту кьыдощэху. Нэрылъагъущ кІуэ пэтми Іуэхур зэрекІэкІуэнур», - пещэ Беккиев Мухътар.

Іуащхьэмахуэ и мылхэр апхуэдизу псынщІэу кьыщывыжкІэ, и лъабжьэр кьэплъу щыхуагъэфащэкІэ, къэбэкъауэм и къикІыгъуэу пІэрэ-тІэ? Беккиевым зэрыжиІэмкІэ, апхуэдэ шынагъуэ щыІэкъым нобэ. Ауэ, унафэщІым кьызэрыхигъэщыщмкІэ, Іуащхьэмахуэ хуэдэ къэбэкъауэкІэ напІэзыпІэм кьиункІэ мэхъу, Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыщыту ирилъэсыкІынуи хуэзэфІэкІынущ.

«ВГИ-м и щІэныгъэлІхэм я закъуэ мыхъуу, Урысейми хамэ къэралхэм я ІэщІагъэлІхэр кІэлъоплъ Іуащхьэмахуэ зэпымыууэ. Къэбэкъауэр къикІынкІэ шынагъуэ щыІэкъым нобэкІэ», - жеІэ абы.

Кьыхэгъэщыпхъэщ Іуащхьэмахуэ и пасэрей кьикІыгъуэхэр щІэныгъэлІхэм зэраджар. Апхуэдэу абыхэм кьахутащ илъэс мини 2 и пэкІэ къэбэкъауэр кьыщиуам, абы кьрипхъа мывэ кІэщхьым сантиметр 90 и лъагагъуу Астрэхъан щыналъэм зэрытелъэлъар. Уеблэмэ мафІэпсыр апхуэдизкІэ шынагъуэу, кьаруушхуэ иІэу кьикІырти, Іуащхьэр зэхищэщат. Абы иужькІэ Іуащхьэмахуэ щІэрыщІэу кьэунэхужауэ жыпІэ хъунущ: мафІэпс кьэтІэтІэхэр Іуащхьэщ Іэ зэхэдижауэ араш.

Кьыхэгъэщыпхъэщ, Іуащхьэмахуэ хуэдэ къэбэкъауэхэр зэман куэдкІэ «зэрыжейр», зэ къэушмэ, щыналъэшхуэ зэрызэхикъутэр. Псалъэм папщІэ, Насып Іуащхьэр кьиумэ, абы кьрихуну мывэ кІэщхьымрэ гъуэзымрэ зы сыхьэтым километр 200 зэпичу зэбгрипхьынущ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● ТхылъыщІэ

Кос Юрий теухуауэ

Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапІэм иджы дыдэ кьыщыдэкІащ «Первостатейный ботаник, кругосветный путешественник и симпатяга...» тхылъыр. Ар къыдагъэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и биологие щІэныгъэм хэлъхьэныгъэфІ туэзыщІа Кос Юрий Иван и къуэр (1889 - 1961) къызэралъхурэ мы гьэм илъэси 130-рэ щрикъум ирихьэлІэу.

ТХЫлЪЫМ хагъэхащ Кос Юрий и гъащІэмрэ гуащІэмрэ теухуауэ ЩхьэгъэпсО Сэфарбий итха очеркыр, щІэныгъэлІым кьызэригъэпэща Къэбэрдей-Балъкъэр лъахэхутэ ботаникэ садым теухуа тхыгъэр, и щІэныгъэ лэжьыгъэхэм я библиографиер.

Абы щыгъу гуэдзэным кьыщыхьащ Котляров Виктор и «Косовские подснежники» лирикэ очеркыр, Юрий Налшык къалэм щыщыпсэуам теухуауэ абы и кьуэм кьиУэтэжкэр.

Тхылъыр псапащІэхэм кьыдагъэкІащ, ар республикэм и курыт еджапІэхэмрэ еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ трагъэшэнущ.

БЖЬЫХЬЭЛІ Роззэ.

● ЗэІущІэхэр

ЛІыхъужьыгъэм и дерс

Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ советым щекІуэкІащ ТекІуэныгъэ Иныр кьызэрахьр илъэс 75-рэ зэрырикъум теухуа зэІущІэ.

«ЛІЫХЪУЖЬЫГЪЭМ и дерс» зыфІаща мы Іуэхум хэтащ Налшык дэт сату-технологическэ колледжымрэ Нарткъалэ дэт курыт школ №2-нэмрэ я еджакІуэхэр. ЗэІущІэм хэтахэу ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и ІэтащхьэАбдуллаев Мустэфарэ УФ-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, отставкэм кІуа, милицэм и полковник Шипилов Валерийрэ еджакІуэхэр щІагъэдэІуащ Хэку зауэм ТекІуэныгъэр кьыщызыхьахэм ятеуху я хьыбархэм.

Апхуэдэу зауэм тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и 115-нэ шуудзэр кьызэрагъэпэщын хуей щІэхъуам, абы и шууейхэм зэрахьа лІыгъэм, бийм я тІасхъэщІэх гупэкм ипэщІэта НКВД-м и лэжьакІуэхэм, партизанхэм.

ЗэІущІэм зэхущІэ кьрагъэблэгъат хъыбаршІэу зауэм хэкІуэда сэлэтхэм я кьхьащхьэр кьэгъуэтыжьыным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ кьезыхьэлІэ, 115-нэ шуудзэм и цІэр зезыхьэ гуп щхьэхуэм и унафэщІ Заруцкий Олег. Абы еджакІуэхэм ярыгъэлъэгъуащ щылэжьа щыпІэхэм кьащІадзэутыжьа хьэпшып куэд. Хэкупсэ гъэсэныгъэ ин зиІэ мыпхущІэ лэжьыгъэхэм адэкІи кьыпащэнущ.

ШЭДЖЭМ Залымджэрий.

● Пшыхьхэр

Уасэ зимыІэ ущиехэр

Тезырхэр егъэпшынынымкІэ федеральнэ къулыкъум и Іуэхущ Іапі э КъБР-м щыІэм щылэкІуэкІащ Уголовнэ-гъэзэщІакІуэ ІэнатІэм (УИС) и ветераным и махуэм теухуа Іуэху гуапэ.

АБЫ кьрагъэблэгъат Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и УИС-м и Іуэхущ Іапі э хэм илъэс зэхуэмыдэхэм щылэжьа, а ІэнатІэр зытезыгъэува ветеранхэр, иджырей я лэжьакІуэхэр.

Хьэхэу, фІыщІэ псалъэ гуапэхэмкІэ ветеранхэм захуигъэзащ КъБР-м щыІэ УФСИН-м и унафэщІ Лыхь Аслъэн.

- Ди Іэщ Іагъэм кууэ зэрыхэфщыкІыр, уасэ зимыІэ фи чэнджэщхэмрэ ущиехэмрэ дэІэпыкъуэгъуэхуэщ лэжьакІуэщІэхэр гъэсэныкІэ, сэбэпышхуэщ УИС-м хабзэ нэхъыфІхэр щыхъэныкъэ и лэжьыгъэр егъэфІакІуэныкІэ, - жиІащ Управленэм и унафэщІым. Ар кьеджащ Урысей ФСИН-м и унафэщІ Калашников Александр кьыбгъэдэкІ щІыхь тхылъэр.

Псалъэ гуапэхэмкІэ нэхъыжьхэм захуигъэзащ Ветеранхэм я щІыналъэ советым и тхьэмадэ Кучменов Мухътар.

Ветеранхэм ирагащ щыналъэ УФСИН-м и унафэщІым кьыбгъэдэкІ ЩІыхь тхылъэр.

Пшыхьым кьрагъэблэгъахэм я нэгу зрагъэужьащ КъБР-м и УИС-м и лэжьакІуэхэр, «Мелодия добра» псапащІэ фондым и артистхэр зыхэта концертымкІэ.

КъБР-м щыІэ УФСИН-м и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Мы махуэхэм

Щэкіуэгъуэм и 30, *щэбэт*

♦Компьютерхэмрэ абыхэм иль хъыбархэмрэ хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦Унагъуэ псэущхьэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Химие Іэщэ кьызэрагъэсэбэпам и зэранкІэ хэкІуэдахэр ягу кьыщагъэкІыж махуэщ

♦ 1609 гьэм Галилей Галилео Маздэм и щхьэфэм и яп картэр зэхигъэуващ.

♦ 1571 гьэм Къэбэрдей пщы узлий Идар Темрыкъуэ (Марие и адэр) дунейм ехыжащ.

♦ 1794 гьэм урыс дзэзешэ цІэрыІуэ Суворов Александр генерал-фельдмаршал цІэр кьыфІащащ.

♦ 1876 гьэм урыс электротехник, дзэ инженер, хьэрычэтыщІэ Яблочков Павел япэу трансформатор зэрызэпкърилъхьам и щыхьэт патент кьаратащ.

♦ 1922 гьэм РСФСР-м хьэхэу кьызэрагъэпэщащ ЩэщэН автономнэ областыр.

♦ 1939 гьэм совет-фин зауэм щІидзащ.

♦ 1968 гьэм Гагарин Юрий и Дыщэ медаль яГъуэващ.

♦ 1993 гьэм УФ-м и Президент Ельцин Борис и унафэкІэ Урысейм и гербу кьащтэжащ щхьэнтІ зыфІэт бгъэм и теплъэр зытетыр.

♦Америкэм щыщ тхакІуэ, журналист **Твен Марк** кьызэралъхурэ илъэси 184-рэ ирокъу.

♦Инджылызым и премьер-министру, зыхъумэжныгъэмкІэ министру щыта, Нобель и саугъэтыт и лауреат **Черчилль Уинстон** кьызэралъхурэ илъэси 145-рэ ирокъу.

♦Адыгей обкомым и яп секретару лэжьа, СССР-м и консул нэхъыщхьэу БолгариемилъэсиблкІэ щыІа **Бэрздж Нухь** кьызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦УФ-м щыхь зиІэ и дохутыр **Жылокъуэ Зинаидэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр щІэрыІуэ, СССР-м и цІыхуэб артист **Невинный Вячеслав** кьызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Совет телевиденэм нэтынхэр щезыгъэкІуэкІыу щыта, РСФСР-м щыхь зиІэ и артистКэ **Жильцовэ Светланэ** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦КъШР-м щыщ къулыкъущІэ, яп класс зиІэ къэрал чэнджэщзэгъу, академик, РСФСР-м и цІыхуэб депутату щыта **Темыр Умар** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат **Балъкъыз Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытмкІэ, Налшык пшэ техьэ-текІуэу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр мазхуэм градуси 8 - 10, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 1, *тхьэмахуэ*

♦СПИД узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ

♦Хоккейм и урысейпсо махуэщ

♦Исландием и щхьэхуитныгъэм и махуэщ.

♦1255 гьэм нэмыцэхэм Кёнигсберг бідапІэм (иджы къалэщ) и лъабжьэр яГъэтІылъащ.

♦1800 гьэм Вашингтон Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я къалащхьэу къалъытащ.

♦1879 гьэм Канадэм щыІэ тренер Нейсмит Джеймс баскетбол джэгукІэр къигупсысащ.

♦1917 гьэм Тэрч-Дагъыстэн правительствэ къызэрагъэпэщащ.

♦1933 гьэм Москва Литературэ институт къыщыІэзэІуахащ. 1936 гьэм къыщыщІэдзауэ абы тхакІуэ Горький Максим и цІэр зэрехьэ.

♦1934 гьэм Ленинград щалэ партэ ЛэжьакІуэ Киров (и унэцІэ дыдэр Костриковщ) Сергей.

♦1943 гьэм СССР, США, Инджылыз къэралыгъуэхэм я унафэщІхэу Сталин Иосиф, Рузвельт Франклин, Черчилль Уинстон сымэ зыхэта конференцыр Тегеран щыІэзэхуащІыжащ.

♦1945 гьэм Париж къыщыІэзэрагъэпэщащ. ЦІыхубзхэм я дунейпсо демократие федерацэр (МДФЖ).

♦1959 гьэм Антарктидэр мамыр мурадхэм хуэгъэпса щыналъэ щыным теухуа дунейпсо зэгурыІуэныгъэ къэрал 12-м зэращыІлащ. Абы зэрыщыубзыхуамкІэ, ар дзэ хуэдэуэщІэ сыт хуэдэми кьыхуагъэсэбэпыну хуиткъым. А зэгурыІуэныгъэм мы зэманым къэрал 46-рэ хэтащ.

♦2001 гьэм «Урысей зэкъуэт» партыр кьызэрагъэпэщащ.

♦2005 гьэм, Пермскэ областымрэ Коми-Пермяцкэ автономнэ округымрэ зэхаГъахьэри, Урысей Федерацэм и щІыналъэщІэ - Пермскэ край - къэунэхуащ.

♦2011 гьэм Къэзахъстаным и къалэ нэхъ инэхэм ящыщ Алматы метрополитен лажьэу щаутІыпщащ.

♦Урыс математик цІэрыІуэ **Лобачевский Николай** кьызэралъхурэ илъэс 227-рэ ирокъу.

♦Совет дзэзешэ цІэрыІуэу щыта, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым плІэнейрэ плІыжьыжь, «ТекІуэныгъэ» орденыр тІэунейрэ зрата **Жуков Георгий** кьызэралъхурэ илъэси 123-рэ ирокъу.

♦Адыгэхэм я блэкІар къэхутэжьынымрэ джынымкІэ лэжьыгъэшхуэ зэфІэзыгъэкІа, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Алексеевэ Евгение** кьызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦СССР-м спортымкІэ щыІэхь зиІэ и мастер, СССР-м щыІэхь зиІэ и тренер **Бобров Всеволод** кьызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессору щыта **КІэш Антонинэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Уэрэджьыакіуэ, УФ-м щыхь зиІэ и артисткэ **Сосмакъ Валентинэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Композитор, АР-м гъэзащІэжьыкІэ щыхь зиІэ и Іэжьакіуэ **Сихъу Рэмэзан** кьызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ **Джэш ФатІимэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Эстрадзм и театру Москва дэтым и унафэщІ, УФ-м и цІыхуэб артист, жылагъуэ лэжьакІуэ **Хазанов Геннадий** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытмкІэ, Налшык пшэ техьэ-текІуэу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр мазхуэм градуси 7 - 9, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 2, *блыщхьэ*

♦ПщыІыгъэр гъэкІуэдыным хущІэкъуным и дунейпсо махуэщ. Ди зэманми а махуэм мыхьэнэщхуэ иІэщ: ООН-м кьит бжьгъэхэм ятепщІыхьмэ, дуней псом иджыри цІыху мелуан 21-рэ хуэдиз пщыІыпІэм щитщ. Абыхэм яхэтщ цІыхубзи сабии.

♦Урысейм щагъэлъапІэ Банк лэжьакІуэм и махуэр. 1990 гьэм дыгъэгъазэм и 2-м «Урысей Федерацэм и Банк нэхъыщхьэм теухуауэ» федеральнэ законыр кьызэращтам тращІыхьу яГъэтІылъапІэ.

♦Хьэрып Эмират Зигуэтхэм я лъэпкъ махуэшхуэщ. 1971 гьэм дыгъэгъазэм и 2-м унафэ кьащтащ эмиратыхыр зэгухьэу, зы къэралгъуэ зэрагъэпэщыну.

♦1409 гьэм Лейпциг (Германие) кьыщыззІуахащ Европэм щыІэхьыжь дыдэ университетхэм ящыщыр.

♦1804 гьэм Бонапарт Наполеон Франджым и император хъуащ.

♦1870 гьэм Рим къалэр Италие пащтыхьыгъуэм и щыхэр хъуащ.

♦1918 гьэм РСФСР-м и ЦІыхуэб комиссархэм я советым тхьэмахуэм кьриубыдэу зыгъэпсэхугъуэу махуэ хэха гъэувыныпхэр къэрал махуэшхуэхэмрэ ятеуха хабзэр игъэуващ.

♦1991 гьэм Ингушым референдум щекІуэкІащ ЗэхэщІным кьыгуэкІыным теухуауэ. Абы хэтахэм я нэхъыбапІэр апхуэдэ унафэм и тельхьэу кьэуври, Ингушыр республикэ щхьэхуэ хъуащ.

♦2007 гьэм Урысейм и Къэрал Думэм и етхуанэ зэхуэдгъэм хэтыну депутатхэр хахащ.

♦Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым тІэунейрэ и ЛІыхьужь, Лениным и орденыр блэнейрэ зыхуагъэфэща **Багрямян Иван** кьызэралъхурэ илъэси 122-рэ ирокъу.

♦ШэрджэкІуэ, ТхакІуэ, Хэку зауэшхуэм хахуэу зэрыхэтам папщІэ Вагъуэ Пльыжь орденыр, Хэку зауэ орденым и етІуанэ нагъыщэр зыхуагъэфэща **ГъуэщокІуэ Хьусин** кьызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Гуанэ Асхэрбий** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытмкІэ, Налшык уфаюу, кьешх-кьезу щыщытынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щыІэр градуси 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Къуажэм дэлъмэ, зыгуэр уогуэт.

Ислъамым и нур

● Уаз

ЗыкъызыфIэщIыжахэр жыхьэнмэ гъуэгум ирокIуэ

Ябэми зэрыжыIащи, гуэныхьыш-хуэхэр блыщI мэхъури, абыхэм ящыщ зыщ пагэнщ.

ЯПЭ ДЫДЭУ гуэныхьу ялэжьар ЛIыкIуэм епэгэкIынырщ. Фигу къэдгъэкIыжынщ а хъыбарыр. Алыхьым уафэхэри, щIылъэри, мелыбычхэри, яп цIыхри (Iэдэм, ар икIи ЛIыкIуэт) къыщигъэщIам, псоми Iэмыр яхуищIат, Iэдэм ЛIыкIуэм щхьэщэ хуящIы-ну. А Iэмыр псоми ягъэзэщIащ, Iиблис къищынэмыщIа. Абы жиIат: «Iэдэм ятIэм къыхэпщIыкIауэ аращ, сэ мафIэм сы-къыхэпщIыкIащ. Сэ сынэхъыфIщ абы нэхърэ», - жиIэщ, Iэдэм епэгэкIри, Алыхьым и жыIэм ебэкъуащ. Пагагъэ хьэл мыхъумыщIэрэщ Iиблис джаур зыщIари, Алыхьым и нейр щIыщыхуари.

«Щэч хэмылъу, Сэ зи фIэщ сымыхъу-хэм, Си Iэятхэм епэгэкIэжи папщIэ хьэр-шым и бжэхэр зэхуэщIащ. Абыхэм ялъ-гунукъым жэнэтыр, махъшэр мастэнэм имыкIауэ» щыжеIэ пагагъэм теухуауэ Iэ-ятхэм ящыщ зым. «Махъшэр мастэнэм имыкIауэ» жыхуиIэм и мыхьэнэр щIэны-гъэлIэхэм я тэфсиры мыпхуэдэу къыщы-кIуащ: «Махъшэр мастэнэм икIыфыну? ИкIыфынукъым. АтIэ, мис апхуэдабзэу, пагэхэмэ жэнэтыр ялъагунукъым».

Хьэдис куэди щыIэщ а хьэл Iейм теухуауэ. Мухьэмэд бегъымбарым (Тхъэм и нэфIыр зыщыхуам) жиIауэ хьэдисым къыщыкIуащ: «Зы сабэ щIыкIу закъуэ хуэ-диз нэхъ имыIэми, пагэнщ зыхэлъым ильагъунукъым жэнэтыр».

ДыкъэзыгъэщIа Алыхьым и дежкIэ псори дыдзэхуэдзщ. Зыр адрейм зэрефIэкIуа и Iиманыращ, ТхъэмкIэ иIэ фIэщхъуны-гъращ. Ауэ щыхъукIи, фIэщхъунытIэ уиIэмкIи зыкъыпфIэщIыжыныр хьэрэмщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, куэд щыIэщ «сэ нэмэз сощI, КIыурIэн соджэ», апхуэдэу щыщыткIэ, сэ адрейхэм нэхърэ сынэ-хъыфIщ», - жаIэу. Мис а гупсысэкIэ къу-дейм щегъауэ апхуэдэхэр. Абы и щыхьэтщ Iиимам Бакир къиуэтэжа мы хьэбар кIэщI цIыкIур. «Мэжджытым лIитI щыхьат. Зым дагъэзнэшу игъэзащIэрт Алыхьым къалэн тщищIа Iуэхуэгъуэхэр. Адрейм апхуэдэ хьэл хэлътэкъым. А тIур мэжджытым къыщыщIэкIыжам, щапхъэу щытар Iи-маныращ хъуат, мыдрей нэхъ мыхьэ-нэнщэу щытам Iимам щыпкъэ бгъэдэлъ хъуат. Абы и щхьэусыгъуэри мырат: Тхъэм хуэпщылIым зыкъыфIэщIыжат нэмэз зэрищIым, КIырIэн зэреджэм папщIэ, абы щхьэкIэ адрейхэм нэхърэ нэхъыфIу зыкъыпIэтэжырт. ИкIи нэмэзыр яухуу, мэжджытым къыщIэкIыжыху и гум ильар а гупсысэращ. Мыдрей нэхъ мыхьэнэн-щэу щытам и гум ильар зы закъуэщ: и гъащIэ блэкIам апхуэдизкIэ хущIегъуэжа-ти, игуми и псэми къабгъэдэкIыу тобэ къызэрихьыжырат».

Араши, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIи зы-къыпфIэщIыжыныр Iейуэ щыIэм я нэхъ Iейщ.

Iиимам Садикъ къиуэтэжащ мы хьэ-дисыр: «Жыхьэнмэм зы щIыпIэ иIэщ, «Сэкъэр»-кIэ еджэу. «Сэкъэр» щIыпIэр псэупIэ зыхуэхъунухэр зыкъызыфIэщыжа-хэращ, «Сэкъэр»-м Тхъэм зыхуегъаззри, йолъэIу: «Уа, си Тхъэ! Ууабэр Iейуэ къы-зохьэлъэкI, хуит сыкъэщIи, зэ сыгъэбаз-уэ!». Ар хуит ящIу, ягъэбэуа нэужь, апхуэ-дизкIэ гуащIэщ абы и бахъэри, жыхьэнмэ мафIэ псори зэтрегъэлынщIэ».

Жыхьэнмэ мафIэр зысыж мафIэм Алыхьым дыщихъумэ? Ар зыпэплъэр зыкъызыфIэщIыжахэмрэ пагэхэмрэщи, а хьэл мыхъумыщIэр зыхэдмыгъалъхьэ!

Тхъэмыщкlэм епэгэкlар

Мылъкушхуэ зыбгъэдэлъ лIым ты-куэнышхуэ игъэлажьэрт, щэкI ищэу. Ар икъукIэ къулейт, ауэ псапэ щIэнам хуэкейт, быдэт, нэпсейт, нэхъ Iеижьрати, пагэнщ и хьэлт.

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым, зэщхьэ-гъусэхэр шхэуэ здэщысым, я бжэм зы-гуэр къытеуIуат. ЛIыр къэтэджащ, бжэр Iуихри, лъэIакIуэ къыхуэкIуа цIыхухъур щилъагъум, къулейр къытехьащ. «Си нэм зумыгъэпльагъу, Iукl мыдбэж, текI си бжэщхьэIум», - губжьащ бейр. «Iамальн-шагъымрэ мэжэщIалIагъэмрэ сыкъра-хужьащ, армыхъумэ зэи сылъэIуэнутэ-къым», - жиIащ тхьэмыщкIэм. Арщхьэкlэ къулейм и щхьэ трилъхьакъым абы епсэльэну, бжэр иригулIри, Iэнэм пэры-тIысхьэжащ. Бзылъхъугъэм илъэгъуар и гум щIыхьауэ, жриIащ и щхьэгъусэм: «Зы лI Iыхьэ закъуэ щхьэ имыгъэ я тхьэ-мыщкIэм, зы дамэ щIыкIур нэхъ мыхъуми елтамэ хъунутэкъэ, Алыхьым нэхъыбэжу къыдитыжынтэкъэ?» - «Сыт мы жыпIэ дела-гъэр, дамэ псо сыту езмытрэт абы?!» - нэхъри губжьащ лIыр. Бзылъхъугъэм фа-кьыгъэр илъэгъуатэкъым, ауэ и гур абы Iейуэ щIэуэзат.

Ауэрэ, зэман дэкIри, Алыхь Iэмыри, къу-лейм и тыкуэнир мафIэм исащ. И щхьэр къыфIэхуауэ унэм къэкIуэжри, и щхьэ-гъусэм жриIащ: «Гъэзэгъуэщ ди Iуэхур, ди тыкуэныр мафIэм исащ, мылъку зыри къытухуэнакъым, дунэхъущ».

«Умыгузавэ, Алыхьым жыхуиIам дыхуэ-зэнщ. Дэ хьэрычэт тщIэнщ, бэрычэтыр къыхилъхьэнумэ, Тхьэшхэр хуитщ», - жиIащ бзылъхъугъэ псэ къабзэм. Арщхьэ-кIэ, лIы нэпсейм и щхьэм илъыр нэ-гъэщIт, и щхьэгъусэри игъэшхэн зэрыхуейм щIэгупсысырт. Апхуэдэу щыхъум, лIыр губжьащ. «КхъыIэ, уэри укъыхэмыхьэ сызыгъэбампIэм, уи хьэпшыпыр зэщIэ-къуи, кIуэж уи адэм и деж, уэри усхуэ-гъэшхэнукъым сэ!» - жиIэри, и щхьэгъу-сэри иригъэкIыжащ.

Мис апхуэдэу лIы пагэм, нэпсейм фIэкIуэдащ и мылъкури, и щхьэгъусэри.

Илъэс зыбжанэ дэкIри, бзылъхъугъэм игъуэтыжащ езым хуэфэщэн щхьэгъусэ псэ кьабзэ. А лIыр апхуэдизкIэ псэ хьэлэл-ти, куэд иIэми, зы мащIэ дыдэ фIэкIа имыIэми, Iэмал имыIэу псапэ хитыкIынут Алыхьым къуритам.

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым зэщхьэгъусэхэр шхэуэ Iэнэм пэрысу, я бжэм зыгуэр къы-теуIуащ. Бзылъхъугъэм бжэр Iуихри, илъэ-гъуащ лъэIуакIуэ къахуэкIуа факъыгэр. Iуэхур зыIутыр и лIым къыщищIэм, жиIащ: «Джэдитl диIэщи, зыр абы ет, уэрэ сэрэ адрейм дрикъунщ, нэгъуэщI диIэу хъуам щыщи хуэзкIуэцIыльхьи ет». Бзылъхъугъэм ар игъэззэщIащ.

ЦIыкубзыр нэщхьей къэхъуауэ, и нэхэм нэпсыр къытельэдауэ щилъагъум, и лIыр щIэупщIащ: «Сыт къэхъуар, щхьэ уэнщ-хьей?». «Ябэм сиIа щхьэгъусэр икъукIэ къулейуэ щытащ. Зы махуэ гуэрым абырэ сэрэ дышхэу дыщысу, ди бжэм факъыгэ къытеуIуат. Апхуэдизэ ерыскъым хэIэбэу зы джэд дамэ цIыкIу закъуэ иритыфатэ-къым а тхъэмыщкIэм. Иритын дэнэ къэ-на, епсэльэн и щхьэ тримылъхьэу Iуихху-жауэ щытащ. Иджыпсту ди бжэм къытех-уIуа факъыгэр ялъэ си щхьэгъусэу щытара-ращ», - жиIащ бзылъхъугъэм.

«АтIэ, а факъыгэр кьыIуэзыжар ямэ уи щхьэгъусэу щытарамэ, нобэ уи щхьэ-гъусэр абы кьыIуихужауэ щыта факъыгэр-ращ», - жиIащ лIы псэ хьэлэлым.

Араши, зыми тщIэркъым пщэдей къытущыщынур. Алыхьым и пащхьэ къулейри къулейсыри, фIыцIэри хужьри - псори дыз эрыщIыз эхуэдэр тщIэжу дунейм дытетыфмэ, ди насыпщ.

● Дуней псом щыщIэрыIуэхэм ящыщу муслъымэн хъуахэр

Сэ сыгъакъым дуней псом щыщIэрыIуэ чемпион сыщыхъуам, ауэ сыгъащ ислъам диныр къыщысщтам

Дуней псом щыщIэрыIуэ боксёр Мухьэмэд Алий (ислъам диным къихьэн ипэкIэ зэрихьэу щытащ Кассиус Марселлус Клей цIэр) 1965 гъэм ислъам диным къихьащ.

МУХЬЭМЭД Алий щIэр зэхэзымыха мы дунейм зы цIыхуи тету къыщIэкIынукъым. Ар къыщалъхуащ Америкэм, Кентуккии штатым и Луисвилл къалэм. Зи фэр фIыцIэ цIыхухэм я зэманым леишхуэ къащытехьэрт Америкэм и Штат Зэгуэтхэм. А псори зыльIагъу сабий фIыцIэ цIыкIум хуабжьу игу кьеуэрт апхуэдэ щытыкIэр.

ЦIыхум и фэми, и плъыфэми, и бзэми емыльытауэ, Алыхьым и пащхьэ псори зэрыщIэзэхуэдэр Кассиус Клей къыщищIар ислъам диныращ. Аращ абы ислъам диныр къыщIищIар ислъам диным хуэзыгъэгъуэ нэхъыщIхьэ хуэ-хъуари.

Мухьэмэд Алий и сабиигъуэр

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм цIыху фIыщIэхэм хьэзаб куэд щрагъэшэч зэманым къалъхуат Мухьэмэд Алий. Абы щыгъуэм абы къыгурыIуэртэкъым езыри и унагъуэри апхуэдизу жагъуэу кьыщIалъагъуэр. Сабийр гъуэлъыжа нэужь, зи фэр фIыцIэ цIыхухэр зэрагъэ-нэхъыкIэм щIэгупсысырэ, куэдрэ щыгъ къэхъурт. Ауэ щыхъукIи, а зэман бзаджэм ар фIы и лъэныкъэкIэ къаухэщащ зыхэт ныбжьыщIэхэм.

Сабий фIыцIэхэм, шхын щхьэкIэ замыгъэлIэн папщIэ, сыт хуэдэ лэжьыгъэ фIейри ягъэзэщIэнут. Ауэ Мухьэмэд абыхэм зэи яхэтакъым. Ар я фIыгъэщ быныр зыхуей хуагъэзэн папщIэ псэхупIэ ямыIэу лэжьа абы и адэ-анэм. Мухьэмэд и анэр кулейкэм я унэхэм щылажьэрт, абыхэм я бынхэр игъасэу, я адэр сурэ-тыщIти, куэд кьыхуэмылэжьми, унагъуэр игъэшхэфырт.

Мухьэмэд боксым зэрыхьиха щIыкIэр

Мухьэмэд и ныбжьыр илъэс 12 фIэкIа мыхъуу боксым хьихьащ. Ар боксым щIыхьихьам щхьэусыгъуэ телъджэ иIэщ: Къалэм гу-фIэгъуэ махуэшхуэ щагъэлъапIэрт. Мухьэмэд Алий езым зэхуихьэса ахъшэкIэ кьищащхуауэ лъакъуэрыгъажэ щIэрыпс иIэт. И ныбжьэ-гъур гъусэ ищIри, лъакъуэрыгъажэмкIэ ахэр кIуащ махуэшхуэр щагъэ-лъапIэ щIыпIэм. ЦIыхур Iувт, лъэныкъуэ псомкIи макъамэ къыщIыIурт. Арщхьэкlэ Мухьэмэд Алий и гуфIэ-гъуэр кIэщI дыдэ хъуат - апхуэдизу зыщIигуфIыкI и лъакъуэрыгъажэр ядыгъуат. Къэхъуар Мухьэмэд Алий и гум апхуэдизкIэ щIыхьати, полицэм хэт и цIыхуэ щIа-лэ Джо Мартин зыхуигъэ-зэри, жриIащ: «Си лъакъуэ-рыгъажэр зыдыгъуар къэзгъэтынырэ, Iэштlымкlэ сугъэржьынущ!». «Iэштlымкlэ уеуэным и пэ кьихуэу, Iэштlымкlэ фIыуэ ууэфу зебгъа-сэмэ, нэхъыфIу сэ къызоль-ъытэ», - жэуап къритащ абы полицэм хэт щIалэм. А щIалэр полицэм хэт къудей-тэкъым, атIэ боксымкIи тренерти, кьыгурыIуащ зигугъ зи щхьэрэ зэтелъ щIалэщIэ цIыкIум зыгуэр кьэзэрыгъ-хэкIынур икIи кьыжриIат: «Си спортзалым къызоз-гъэблагъэ, сэ ухуеизгъэсэнщ боксым». Телъыджэращи, мис а щIалэ хужьым и чэнджэщ Iущыр занщIэу и щхьэм ириубыдащ сабийм. ИкIи а псалъэмакъым иужькIэ Джо Мартинрэ абы и Iэ-сэнхэмрэ я ехьулIэныгъэхэр телевизоркIэ щIильагъум, Мухьэмэд Алий и кьуэш Рудольф гъуэ щIири, абы и деж кIуащ. Мис аращ лъакъуэрыгъажэ ядыгъуам кьрикIуар.

Мухьэмэд Алий и яп медалыр псым щIыхидзар

Мухьэмэд Алий и кьару емыблэжу зыхуигъасэрт зыхьхьа спорт пIэжьыбгъуэм. Зи фэр фIыцIэхэм ящыщу Америкэм яп дыдэу

Мухьэмэд Алий

чемпион щыхъуар Мухьэмэд Алийщ. Абы щыгъуэм Алий и ныбжьыр илъэс 18 хъууэ арат. Алий и пщIэр зэуэ дэкIуеят, цIэрыIуэ хъуат.

Дыщэ медалыр и пщэм илъу зы махуэ гуэрым Мухьэмэд кафем шхакIуэ кIуащ. Арщхьэкlэ, «**зи фэр фIыцIэхэр къыщIэгъэхьэркъым**» жаIэри, медалым щхьэкIи къамы-гъанэу, щIалэр къыщIагъэуы-выкIри, бжэр ирагулIжащ. Алий апхуэдизкIэ и гум щыхьат ари: «**Къэралым сэ къыхуэсха медалым абы фIэкIа пщIэ щимы-гъэтакIэ, сытым и мыхьэнэ ар?!**», жиIэри, и яп дыщэ медалыр Огайо псышхуэм хидзащ. ИужькIэ ар Iэхуэм пщIэуэщащ нэхъри нэхъ ерыщыжу. Мухьэмэд дежкIэ мыхьэнэ зиIэр текIуэнигъэ кьудейр аратэкъым, атIэ цIыхум и фэми, и бзэми, ар къызыхэкIа лIэпкъыми емы-льытауэ щIэ къыззрилэ-жьыфIынур хьэкъыу дэтхэна-ми къаэзрыгуригъэIуэнырат.

Кассиус Клей Мухьэмэд Алий зэрыхъуар

1959 гъэм «Ислъам лъэпкъ» фIэщыгъэм щIэт муслъымэн гупым я тхьэ-мадэ Мухьэмэд Элайджи и къыхуеджэныгъэр ябэ дыдэу Чикагэ щызэхихат Мухьэмэд Алий. Элайджи и къыхуеджэныгъэр зыхуэгъэ-зар ислъам диныр, къищы-нэмыщIауэ, а гупыр ябэщIэтт зи фэр фIыцIэ цIыхухэм лей я ныбжьхэм. Илъэс дэкIри, Элайджи и гупым щыщу Мухьэмэд Алий цIыхугъэ къыхуэхъуащ Абдул Рэхьман. Абы Алий мэжджытым иригъэблэращ.

«Майями дэт мэжджы-тышхуэм ябэ дыдэу сыщы-щIыхьам, згъуэта псэ тын-шыгъуэр псалъэ къудейкIэ къыпхуэIуэтэнукъым», - жиIауэ щытащ Мухьэмэд Алий интерью къыщIыIахам.

ИужькIэ Алий зэпымыууэ еджэ хъуащ «**Мухьэмэд жиIащ**» цIэр зезыхьэ газету хьэдисхэр зэрытам. Абы и гум хьихьэрт хьэдису зэрджэу хъуар. ЛIыкIуэ лъапIэм и хьэдисым Алий къыщеджат цIыхум и фэми, и бзэми, ар къызыхэкIа лъэпкъми емы-льытауэ, цIыху псори Тхьэм деж зэрыщIэзэхуэдэр. Ауэрэ, Алий гукIи псэкIи ислъам диным къихьат, ар щхьэкIэ ар иджыри игъэ-хъыбартэкъым.

«Дунейпсо чемпион» цIэ лъапIэм щIэбэныным и пэ кьихуэ дакъикъэхэм Алий и хуэшри и гъусэу, псом яп Алыхьым елъэIащ, итIанщ утыку щихьар. Дунейпсо чемпион хъуа нэужь, утыку къиувэри, жиIащ: «**Сэ си ислъам диным сихьащ, «Ислъам лъэпкъ» гупми са-хьхьащ!**» Абы щыгъуэм Алий и ныбжьыр илъэс 22-рэ хъууэ арат.

Мухьэмэд Алий къыIаха интервьюхэм ящыщ зым журналистыр щыщIэупщIат: «Уи гъащIэм зыгуэрым ухущIегъуэжра?», - жиIэри. Алий и жэуапыр дуней псом щыз эщIалъхьысащ: Абы жиIат: «**СыхущIогъуэж нэ-хьапэIуэу ислъам диным сызэримыхьам. ГъащIэм иджыри зэ кьытригъэзэ-жыну щытамэ, илъэсипщI ныбжьым ситу къэсщтэнт ислъам диныр**», - жиIауэ щытащ Iиман щыпкъэ къэ-зыхьа цIыху гъуэзэджэм.

«Хьэрэфат Iуащхьэм сыщытетар»

«**Сэ сыщIэгушхуэн, си гур щыхьхьуэн щытыкIэ куэдым сригъэуващ гъащIэм, ауэ псом нэхърэ нэхъ гукIинэж сщыхьуар, псом хуэмыдэу си гур хэзыгъэхъуар хьэжыщI мазэм Тхьэшхуэм селъэIуу Хьэрэфат Iуащхьэм сыщытетараш. ЦIыху фIыщIэхэри, хужьхэри, къулейхэри къуалейсызэхэри, псори зэщхьу дыхуэпауэ Алыхь закъуэм и гущIэгъуэм дыщыгугъуэу Хьэрэфат Iуащхьэм дыщытетар зыхуэзгъэдэн зыри щыIэкъым»**, - жиIауэ щытащ абы.

Ислъам диным къихьа нэужь Кассиус Клей цIэр идэжакъым, абы зыфIищыжащ Мухьэмэд Алий цIэр, икIи ар псэуху а цIэмкIэ фIэкIа нэгъуэщIкIэ къеджэу идакъым. Алий ислъам диным къихьа нэужь и гъащIэм сыт и лъэныкъуэкIи зихуэжащ. ИкIи абы и псэр пытыху жиIащ ехьулIэныгъэу иIэр зи фIыгъэр Алыхьымкlэ иIэ фIэщхъуны-гъэр зэрыларар. Дапхуэдиз ехьулIэныгъэ гъащIэм щимыIами, Алий зэи адрей щыхъухэм епэгэкIакъым.

1960 гъэм дзэм къулыкъу щищIэну Алий Вьетнамым ягъэкIуэнути, ар яхуидакъым, «**Сэ си ислъам диным къеззгъыркъым Iэщэ къапщтэу утыку уихьэну. Ислъам диным дыкъызыхуриджэр мамырыгъэщ**», - жиIэри.

Ислъам диным ехьэлIауэ Мухьэмэд Алий и псалъэ куэд къытенащ дунейм. Абыхэм ящыщщ:

♦Сэ тутын сефэркъым, ауэ мафIэдзыр си жыпым илъу кьызыхьэкI. Алыхьым фIэмыфI Iуэхугъуэ злэжьыну си псэр щыпIейтейм деж, мафIэдзыр щIызогъанэри, си Iэдакъэр къизгъэсыкIыурэ, си щхьэм хужьзоIэж: «**Мы мафIэ цIыкIунитIэр пхуэшэчыркъым, атIэ жыхьэнмэ мафIэр дауэ пшэчыну. Алий?**»

♦Сэ сыгъакъым дуней псом щыщIэрыIуэ чемпион сыщыхъуам, ауэ сыгъащ муслъымэн сыщыхъуам.

♦Кассиус Клей - ар пщы-лIыщIэщ. Сэ къыхэсха-къым а цIэр. Сэ - сы-Мухьэмэд Алийщ! Абы и мы-хьэнэр Алыхьым фIыуэ ильэгъуэ жиIэу араш. Сэ зэдэнукъым нэгъуэщI цIэкIэ цIыхур къыззэджу!

♦ГъащIэр кIэщI дыдэщ, ар щIэх дыдэу тфIэкIуэды-нущ. Алыхьым папщIэ зы-гуэр фщIэ, ар игъащIэкIи кIуэдынукъым!

НэгъуэщI псалъэ дахэ куэ-ди, лъэужь дахи къытринащ Алий дунейм.

Ди тхыгъэм и кIэухуэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ Мухьэмэд Алий журналистхэм ярита жэуапыр: «**Дауэ къыпщыхъурэ, Алий, уэ уи диныр зезыхьэхэм террористхэр къаззрыхэкIар?**» - жаIэу журналистхэр щеупщIым, жэуапу яритащ: «Фэ дауэ къыфщыхъурэ, фэ зефхьэ диныр Гитлери зэрихьэу зэрыщытар?»

ЦIыIэщ цIыху, езыхэр дунейм ехьжа щхьэкIэ, я гъащIэ тхыпIэр зэхуамыщIыжу. Абыхэм ящыщ зыщ дуней псом щыщIэрыIуэ боксёр, АлыхьымкIэ фIэщхъуныгъэ щыпкъэ зыбгъэдэлъа Мухьэмэд Алий (ахърэт нэхур Тхьэм зритыныр).

● Фи лъэIукIэ

Дыгъэгъазэ (декабрь) мазэм и нэмэз щIыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжь нэмэзыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, тхьэмахуэ	05.49	07.19	12.05	14.22	16.32	18.12
2, блыщхьэ	05.50	07.20	12.05	14.22	16.32	18.12
3, гъубж	05.51	07.21	12.05	14.22	16.32	18.12
4, бэрэжьей	05.52	07.22	12.06	14.22	16.31	18.11
5, махуэку	05.53	07.23	12.06	14.22	16.31	18.11
6, мэрем	05.54	07.24	12.07	14.21	16.31	18.11
7, щэбэт	05.55	07.25	12.07	14.21	16.31	18.11
8, тхьэмахуэ	05.56	07.26	12.08	14.21	16.31	18.11
9, блыщхьэ	05.57	07.27	12.08	14.21	16.31	18.11
10, гъубж	05.58	07.28	12.08	14.21	16.31	18.11
11, бэрэжьей	05.59	07.29	12.09	14.22	16.31	18.11
12, махуэку	06.00	07.30	12.09	14.22	16.31	18.11
13, мэрем	06.01	07.31	12.10	14.22	16.31	18.11
14, щэбэт	06.01	07.31	12.10	14.22	16.31	18.11
15, тхьэмахуэ	06.02	07.32	12.11	14.22	16.31	18.11
16, блыщхьэ	06.03	07.33	12.11	14.22	16.32	18.12
17, гъубж	06.04	07.34	12.12	14.23	16.32	18.12
18, бэрэжьей	06.04	07.34	12.12	14.23	16.32	18.12
19, махуэку	06.05	07.35	12.13	14.23	16.32	18.12
20, мэрем	06.05	07.35	12.13	14.24	16.33	18.13
21, щэбэт	06.06	07.36	12.14	14.24	16.33	18.13
22, тхьэмахуэ	06.06	07.36	12.14	14.25	16.34	18.14
23, блыщхьэ	06.07	07.37	12.15	14.25	16.34	18.14
24, гъубж	06.07	07.37	12.15	14.26	16.35	18.15
25, бэрэжьей	06.08	07.38	12.16	14.26	16.35	18.15
26, махуэку	06.08	07.38	12.16	14.27	16.36	18.16
27, мэрем	06.08	07.38	12.17	14.28	16.37	18.17
28, щэбэт	06.09	07.39	12.17	14.28	16.37	18.17
29, тхьэмахуэ	06.09	07.39	12.18	14.29	16.38	18.18
30, блыщхьэ	06.09	07.39	12.18	14.30	16.39	18.19
31, гъубж	06.09	07.39	12.19	14.30	16.40	18.20

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Iуэхущ1апIэм къыдитащ.

УпщIэхэмрэ жэуапхэмрэ

1. Щхьэцыр блэныр ислъам диным къеззгъэр?

Къоззгъ. Уеблэмэ, цIыхухъуми и щхьэцыр илэ хъунущ хнакIэ, ауэ щыхъукIи, фIыцIэкIэ лэныр ЛIыкIуэ лъапIэм ифIэфIу щытакъым. Абы и щыхьэтщ мы хьэдисыр: «Абу Бакр и адэ Абу Кьунафэ и щхьэцыр хужьу тхъуауэ щи-лъагъум, Мухьэмэд бегъымбарым (Тхъэм и нэфIыр зыщыхуам) жиIащ: «Уа, Абу Кьунафэ, уи щхьэцым и фэм зегъэхъуэж, ауэ фIыщIабзэм зыщыхъуми». Ар цIыхухъэхэм яхуэгъэзащ. Ауэ щыхъукIи, зи щхьэц тхъуа щIалэщIэм и щхьэцыр фIыщIабзэу щытамэ, а фэр кьригъэщтэжьи папщIэ фIыщIэкIэ илэми хъунущ. Бзылъхъугъэхэм я Iуэхур щхьэхуэщ. Абыхэм я щхьэ-гъусэхэм ядэу щытмэ, сыт хуэдэ фэри кьрагъащтэ хъунущ я щхьэцхэм.

2. Зэщхьэгъусэхэр зэбгъэдэкIыжа нэужь, бзылъхъу-гъэр нэгъуэщI дэкIуэжьын щхьэкIэ, зэман пыухыкIа гуэр дэкIын хуейщ. Дапхуэдиз а зэманыр зэрыхъур?

Пэжщ. Бзылъхъугъэр нэгъуэщI дэкIуэжьын щхьэкIэ мазищрэ махуипщIрэ дэкIын хуейщ. Абы илэ кьихуэу дэкIуэж хъунукъым.

3. КъурIэным сурэ дапщэ итыр?

КъурIэн лъапIэм сурэуэ 114-рэ, Iэяту миних итщ.

4. Алыхьым цIэ дапщэ иIэр?

Алыхьым цIэуэ 99-рэ иIэщ.

5. Цыхур дунейм ехьжа щхьэкIэ къэмынэу псапэ хуатхыу жалэ. Ар пэж?

Пэжщ. Дунейм ехьжа цIыхум быныфI къыщIэнарэ, ар адэ-анэм щхьэкIэ Тхьэм елъэIумэ, лъэIур абыхэм я псэм лъысынущ. КъищынэмыщIауэ, дунейм ехьжам псапэ къызыпыкI лэжьыгъэ и Iэдакъэ къыщIэкIауэ щытмэ (псалъэм и хьэтыркIэ, мэжджыт ихуэгъэ, е лъэныкъ трилъхьамэ, псы щIишамэ, тхьилъ щхьэпэ къыдигъэкIамэ), абы и Iэдакъэщ1экIхэр кьагъэсэбэпыху ар зыщIам псапэр хуатхынущ.

Хьумар Алий и мэжджытыр

● Бруней

Бруней къэралыгъуэм щыIэ, Хьумар Алий Сейфудин и цIэр зезыхьэ мэжджытыр дуней псом щынэхъ дахэхэм хабжэ. Ар псы Iуфэм Iутщ, 1958 гъэм ухуэн яухащ. Абы и теплъэр апхуэдизкIэ дахэщи, ар зрагъэлъагъун къудей щхьэкIэ, турист куэд макIуэ Брунейм. Мэжджытым и щхьэм дыщэпс дыдэ тегъэлъэдащ, и азэн джапIэхэр мраморым къыхэщIыкIащ. Мэжджыт пщIантIэм жыг хадэшхуэ хэтщ, псыутх, псыкъуийхэри дэтщ, удз гъэгъа зэмылIэужьыгъуэхэр щыкуэдщ. Мэжджытымрэ псы щIыIм тращIыхьа, кхъухь теплъэ зиIэ унэшхуэмрэ зэпещIэ мраморкIэ ящIа лъэмыжышхуэм.

Мэжджытым и пьагагъыр метр 52-м щIегъу. Абы и азэн джапIэхэм ящыщу нэхъ ин дыдэм лифт хэтщи, абыкIэ и щхьэ дыдэм удэкIуейуэ, къалэм ухэплъэ мэхъу. Мэжджытыр щаухуэм ирахьэIа екъарыр Италием, мывэкъыпыр Китайм, хрусталым къыхэщIыкIа уэздыгъэшхуэхэр Инджылызым, алэрыбгъуэхэр Сауд Хьэрыпым къращащ.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Ху жэмыкуэ

Шатэр псы щIыIэ зрагъэжьхьа шыуаным иракIэ, мафIэм трагъэувэри зэIащIэгъэ дакъикъи 5-6-кIэ кьагъавэ, цIыкIу-цIыкIуу зэпыупщIа кхъуей цIынэ халъхьэ, аргуэру кьагъэкъуалъэ, кхъуейр зэпыш хъуху е ткIуху. ИтIанэ шатэ гъэвам, бэлагъкIэ зэIащIэурэ, ху хьэжыгъэ хуэнащIа хаудэ, дакъикъэ 15-20-кIэ ягъажьэ, мафIэр цIыкIуу, и щхьэр тепIауэ.

Жэмыкуэм тхъу къыщIэкIыу зэрыхуежьэу шыгъушыпс хакIэ, псы щIыIэ тIэкIыкIэ зэIыха джэдыкIэ кугъуэ зда, зэIащIэурэ, хакIэ, шыуаныщхьэр техауэ дакъикъи 5-6-кIэ ягъажьэ тхъу къыщIидзыху. Жэмыкуэ хьэзыырыр гъуэжь дахэщ, тхъупсым зэрихьэу, мэ гуакIуэ хъыхихыу щытщ. Пщтыру яшх, шху щIыIэ и гъусэу.

Халъхьэкр (цIыхуитI Iыхьэ): псы щIыIэу - г 150-рэ, шатэу - г 540-рэ, джэдыкIэ кугъуэу - 1, ху хьэжыгъэу - г 170-рэ, кхъуей цIынэу - г 50, шыгъуу - гэухуейм хуэдизэ.

Кхъуей быдэ гъэщэщарэ бжьыныхурэ

Кхъуей быдэр ягъэщащэ е тхъунщIалъэкIэ ятхъунщI щабэ хъуху, абы халъхьэ шатэ, шыбжий пльыжь сыр хьэжа, бжьыныху уба шыгъу хэмылъу, псори фIыуэ зэIащIэ, зэхэзэрыхьыху. И щхьэр трапIэри дакъикъэ 15-20-кIэ щIыIалъэм дагъэувэ, нэхъ зэхэшыпсэныхьи икIи нэхъ дин щхьэкIэ.

Iэнэм тепщэчкIэ трагъэувэ. Пластэ хуабэ, мырамысэ, чыржьи, кIэртIофэ гъэва, кIэртIофэ пластэ даших.

Халъхьэкр: кхъуей быдэу - г 200, бжьыныху укъэбзауэ - г 30, шатэу - г 250-рэ, шыбжийуэ - гэухуейм хуэдизэ.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхыльым къитхыжащ.

● Хъуэхъу

Милицэм и капитан Мэршэнкъул Хьэсэнрэ сату IэнатIэм илъэс куэдкIэ щылажьа Хьэфыщ1э Лидэрэ зэрызэдэпсэурэ дыгъэгъаэзм и 1-м илъэс 50 ирокъу

ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ, хабзэрэ нэмысрэ щызекIуэ инагъуэ дахэм фрихъумакIуэщи, фызэиплъыр жьэгур уардэ унэу, фи Iэнэгум берычэтыр щытепщэу, хьэщIэ етIысэхьилIэрэ унапIэ махуэу, фызэкъуэту, гъащIэм гу щыфхуэзэ абы и Iэфы1э псори зыхэфщIэу, фи щIалищым, абыхэм къащIэхъуэ фи щIэблэм я насыпым, екъулIэнысгъэхэм фригушхуэу куэдрэ Тхьэм фызэдигъэпсэу. Фи пщIэр лъагэрэ фи псэр кьабзэу, гуапагъэмрэ дахагъэмрэ фи Iэпэгъуу илъэс 50 хъуаугъ фыкъыззэдогъуэгурыкIуэри, фи цIыкугъэ инымрэ нэмыс лъагэмрэ хуэфэщэн фIыгъуэрэ насыпкIэ Тхьэр кьыфхэуэпсэну ди гуапэщ.

Хьэфыщ1эхэрэ Мэршэнкъулхэрэ я унагъуэхэр.

● ЖыIэгъуэхэр

Iуэхутхьэбзэр къалэну къащохъу

●Фадэр зи нэрыгъыр гъэрыпIэ ихуащ.
●ПцIым лъакъуэ щIэмытми, дамэ къытрагъакIэ.
●МылъкукIэ зызыгъэнщIа щыIэкъым.
●Уакъыхэмыщыи ягъэ кIынкъым, уаэрэгуащэмэ, хьарзынэщ.
●Дзыхь зрамыгъэз Iуэхутхьэбзащ1э ящыркъым.
●Зы щыуагъэм гъащIэ псом ныбжь тредзэф.
●Хабзэ здэщымыIэм, мыхъумыщIагъэр щытепщэщ.
●Нэхъыжь и жьауэ жьжь нос.
●ПцIым щIэгъакъуэн игъуэтмэ, къуршми докI.
●ЩIэблэр узынишэмэ, гъащIэр иофIакIуэ.
●АкъылкIэ утекIуэмэ нэхъыфIщ, IэштымкIэ упэлъащ нэхърэ.
●Яэныкъуэхэм Iуэхутхьэбзэр къалэну къащохъу.

АФЭЩIАГЪУЭ Анас.

● Псалъэжьхэр

ЦIыху нэхъ лъапIэ щыIэкъым

♦Зэкъуэш псори зы анэ къилъхуркъым.
♦Къуаргъэ пэт, и шырым «хужь цIыкIыкIэ» йоджэ.
♦Чыри бгъэкIмэ, бжэгъу мэхъу.
♦Малъхъэр хъумэ - къанщ, мыхъумэ - шыдщ.
♦ЩIыпсыранэрэ пэт зы дахэгъуэ иIэщ.
♦Нысэ Iейм унафэр унэм ирех.
♦Зегъэуби, уи бын пIыж.
♦Уэзрымыльагъуу Iэфы щыIэкъым.
♦ФIэщ хъуныгъэ хущхъуэгъуэ хэлъщ.
♦Хьэм хэсыр хумкIэ маплъэ.
♦Къуэр напщIэщ, пхъур набдзэщ.
♦ЦIыху нэхъ лъапIэ щыIэкъым.
♦ЩIэр зэхэпх нэхърэ зэ плъагъумэ нэхъыфIщ.
♦ЩIыщагъэншэу дунейр зыхъ щыIэкъым.

● ГушыIэ

Щынэр сыткIэ къуаншэ?

Псалъэмакъ гуэр зэрымылъ унагъуэ къэгъэтыгъуейщ. «Псым хэпль мывитI пэтрэ зотIыркъ», - жаIэ. Нагжанрэ Мухьэмэдрэ зэщыIеяуэ зэпсалъэртэкъым. ФIы зыкъызышэжыну хуей цIыхубзыр къыбгъэдыхьэри, Мухьэмэд кьыжриIащ:

- Нобэ уэрэ сэрэ дызэрыдэпсэурэ илъэсипщI мэхъу. Абы и цIэкIэ зы щынэ цIыкIу букIыркъэ...

- Щынэ цIыкIу мыгъэр сыткIэ къуаншэ? - жэуап итащ Мухьэмэд.

ДУМЭН Мурадин.

Мыщэ

● ГукъэкIыж

Унагъуэ Iуэхум дыкъыдэмыхуэу гъатхэ махуэ хуабэхэр хуэму екIуэкIыр. ИльэситхуфIэкIа сымыхъуами, зэбгъэтIылъэкI мыхъун кьалэн Iэджэ пщэрылъу сиIэт. Ди адэ-анэр лэжьакIуэ кIуа нэужь, си къуэш нэхъыщIэхэм сакIэлъыплъын, ди анэшхуэ Фариздэт сыдэIэпыкъун хуейт. А псом и щIыIужкIэ, пхъэ тыкъырхэмрэ нартыху жэпкъэмрэ зэман-зэманкIэрэ пэщхьэкум издзэн хуейт, мафIэр зэхэмыкIыжьын щхьэкIэ.

Ди хьэхэр си дэIэпыкъуэгъушхуэт: пщIантIэм и хъуреягъкIэ кьыщыкI кIарц жыг лъагэшхуэхэм абгъуэхэр щызыщIа кьанжэхэм щахъымэрт ди джэджьейхэмрэ кьаз, гуэгуш шырхэмрэ. Я хьэкъ кьызэтрагъэнэнутэкъым уафэгум лъагэу зыщцыкIэт кьащыргъэхэми. Хьэхэр мыхъуамэ, махуэр си кIыхьагъым зы щIэжьеи къыданэнтэкъым абыхэм.

АпщIондэку си къуэш нэхъыщIэхэм сакIэлъыплъырт, ахэр згъашхэрт, тезгъэуэрт. Зы дакъикъи уатеплъэкъыкI хъунутэкъым - хадапхэм ит шыпсыранэм ахэр хэпщакъэнкIэрэ хъунут, пщIантIэм дэт псыкъуийм ихуэфынут е, сэ щIэрэ, джагуурэ пшахьэ зыжьэдалъхьэнри хэпльт.

Махуэхэр апхуэдэу зэфэзэщу етхьэкIыртт, зэщыпльуэт. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым псоми зихъуэжащ. ЛэжьапIэ нэужьым ди адэр къыдыхьэжри, ди Iыхьлы Дадэ Хьэбийхэ деж сигъэкIуащ. Нэху зэрыщу, пхъэ кьишэну ар мэз хозяйствэм кIуэн хуейт. Къуажэдэсхэм чэзуэрэр къыщыжралэ махуэм мэзым кIуэри, и пхъэ Iыхьэр кьрашырт. Чэзуэр кьыстIысат. Мэз Iэнатlэр Кусовэ къутырым пэгъунэгъут, нэхъ итпэкIэ Ингушым и Кёскем хъуажжэм ар хьыбэу щытащ (иджы Хурикаум щыщщ).

Хьэбийрэ сэрэ кьыздэщтэн хуейт нэгъуэщI ди гъунэгъу щIалэхэу Жылэхьэжь Будонэрэ Iэпщэ Мыщэрэ. А хъыбарым сэ сыщыгуфыкIащ. Иджыри кьыздэсым мэзым зэи сыщыIатэкъым. Си ныбжьэгъуэм жаIэжырт мэзым мыщэ гъуабжэшхуэ зэрыщалъэгъуар, зи ныбафэр хужь-фIыцIафэ кхъуэпIащэрэ жыг лъабжьэжям зэрыщыхьэкIуэр. Абыхэм къызжаIэмкIэ, кхъуэпIащэ шырхэр апхуэдизкIэ мэзым щыкуэдщи, уи лъакъуэм къыщIозэрыхь, цIыхуми ящышынэркъым. ЩIалэ цIыкIуэр абыхэм мэзым щадэджэгу мыхъумэ, я адэ-анэхэм кхъуадэрэтэкъым а псэущхьэхэр унэм кьыздахьыну. Мэз хуейм губгъуэмэракIуэр щипхъат, шэгъэфIэIуэкIэ бейт. Жыгыку гъуанэхэм бжьэр къопщIыкIри исщ, удэ гъэгъам фор кьыпахрэ итIыысхьэжу. Апхуэдэ зы жьыгыку гъуанэм фо пэгун къыпхуихыну жаIэрт. Ар кхъухьлIэн щхьэкIэ, япэщIыкIэ бжьэхэр я гъуэм хьилагъэкIэ къыпшын хуейт. Ахэр псори зэгъусэу кьиулъэтрэ кхъуэмэ, фIы щIэпхьнукъым.

Апхуэдэ хъыбарэм сыщIагъэдэIуати, си нэ кьикIырт сэри а фIыгъуэхэр зэзгъэльагъуну. Хьэбийхэ сежэкIащ, хъыбар езгъэщIэну.

А пIыр нарт хъыбарэм кхъуэщIж лIыхъужьхэм фIэкIа зэзгъэщхь нэгъуэщI щыIэтэкъым, языныкъуэми и IэчлъэчагъымкIэ мыщэшхуэм ехьэехуэфыну кхъысщыхьурт. Абы и нэ лъэныкъуэр зэпымыууэ пхат. Зэм щэкI хужьжьIэ, зэми - фIыцIафэкIэ. Ар зэлъытар и щIакIуэ пыIэр зэрызэрихьэуэкIырт. Хьэбий ущIыгъумэ, зэманыр зэрыкIуар кхъуымыщIэу нэжэгужэу ежэкIырт.

Езым зэригъэхъыбарымкIэ, зэгуэрым мэзым щыIэу, зы мыщэшхуэ кьебгъэрыкIуэри и нэм дыркъуэ кьытридзат. Нэ лъэныкъуэм зэрымылъагъужьым хуэдэу, ар а мыщэм текIуат, и фэри трихри, кьэздикьыжат. Абдеж щегъэжьауэ Хьэбий мыщэхэм ещэкIуэн щIидзащ. Щытхъур фIэфIти, и унэ гъахьышэ щыкIум дыщIишэрти, дигъэлъагъурт пхъэ гъуэлъыпIэхэм ириубгъуэ мыщадфэхэр. Ауэ мэлыфэм нэхьебгъащхьыну апхуэдэт ахэр. Хэт ищIэрэ, мыхэр сабийщ, жиIэу дыкъигъапщIэрэт?! Хьэбий езыр кьуажэм щымэлыхъуэт. Унэми бжэнрэ мэлрэ щикуэдт.

... Жэщым сыжеифакъым, кхъыспщылъ гъуэгуанэм сегупсысырти. Кхъэзыщызгъэхъэрт мыщэхэмрэ кхъуэпIащэхэмрэ сещакIуэу, губгъуэмэракIуэр кхъэсщыну, бжьэхэм езыхэм я фор кхъсхуэхьу.

Колхозым шыгу нэхъ ин дыдэу иIэм шитI щIэщIауэ къыдитри, мэзымкIэ дунэтIащ. Сыхьэтитl хуэдэкIэ гъэгу дытетагъэнщ. Будонэрэ Мыщэрэ мащIэу щхьэукъуащ, сэ Хьэбий кхъыжиIэж хъыбархэм си фIэщу седалуэурэ дыкIуащ. Мэзым сызэрыщымыгъуэщэну Iэмалхэм, кхъуэпIащэм зыпэщIэзгъахуэ зэрымыхъунум, нэгъуэщIэмэ абы сыхуигъэIущырт.

Псынщ1эу дынэсауэ кхъыщыхъащ. Мэз хъумакIуэр кхъупежьри, пхъэр щызыхуэтхъэс хъуну щIыпIэр дигъэльагъащ. Апхуэдэуи ехьэкI хэмылъу кхъыджиIащ мэзым мафIэ щытщI, хьэкIэкхъуэкIэхэмрэ къуалэбзухэмрэ дгъащтэ зэрымыхъунур.

Будонэрэ Мыщэрэ асыхьэту пхъэр гум иралъхьэн щIадзащ. Жыжьэ сыIымыкIыну Хьэбий унафэ кхъыхуищIри, езыр мэзым хыхьащ. Ауэ япэщIыкIэ джыдэ нэхъ жан щIыкIур кхъызитащ.

Зы сыхьэт хуэдэ дэкIагъэнт алъандэрэ. Хьэбий къыгъэзэжьыртэкъым. Сыкъэгуэзэпати, мурад сщIащ абы и лъыхъуакIуэ сежьэну. ЩIалэхэми зыри яжезмыIэу, си джыдэ цIыкIур кхасщтэри, Хьэбий здиунэтIа лъэныкъуэмкIэ сыкIуащ. Удз кIыр Iувыр игъэхурийуэрэ пхыкIа Хьэбий лъагъуэфI дыдэ кьигъэнат. Абы сытету сокIуэ, удзым хэс тхьэкIумэкIыхь щыкIыр мэзым щыкуэду зэрыжаIар. Гъунэгъу зыкъыпхуэщIыни, я пэ псыфэр кьыпщащхуэрэ макъ хьэлэмэтыщэхэр ирагъащIу бзэхьыжьт.

Мэзым кхуэлэбзу уэрэд IэужьыгъуэУ кьыщIэIукIыр зыхуэдизыр кьыпхуэбжьнутэкъым. АмкIыщхэм лъагъунигъэ уэрэд кхъашыи ярейт, кIыгуугуэхэм я джэ макъымкIэ я шырхэр кьалъхьхуэжырт. Сыт хуэдизрэ сыпсэуными кхурисщIэну, абыхэм я джэ макъыр кхъэбжьи щIэздзат, арщхьэкIэ щэм сынэса иужькIи, зэпламыгъэуэжу джэрти, а «пщIыупс цIыкIухэр» си фIэщ сщIыжакъым.

Иджыри си тIэлай хуэдэкIэ сыкIуаэу, Хьэбий и шхыдэ макъ зэхэсхащ. Ар губжьа хуэдэт, зыгуэрым техьущIыхьырт. Абдежым зэрымыщIэкIэ щызэхэсхащ мыщэм езаэуэу зи нэ лъэныкъуэр зыкIэкIуэдар апхуэдэ фэбжь иIэу кьалъхуауэ зэрыарар.

А псом мыхьэнэшхуэ езмыту, ар кхъызэрызгъэтыжа кьудейм сыщыгуфыкIри, и макъыр кхъыздикIыкIэ зэнщIэу сыпхыкIащ. Сызытет лъагъуэр бамэ кхъызрих мащэ кхуэм деж щызэпыурт. Сеплъыхьмэ, а шэдым хэтт Хьэбий. ЯпэщIыкIэ кхъысщыхъащ и нэ лъэныкъуэм зэримылъагъум кхъыхэкIыу, гу лъымытэу ар мащэм ихуауэ. КхъызэрыщIэкIарати, ар езыр абы ехат, шэдым хэхуа кхъуэпIащэ шырхэр кхъихьжьыжьи и гуГэу. АрщхьэкIэ ар шэдым пхыхури, и джыдэри абдеж хэкIуэдат. Апхуэдэ кхъэзэрыщыщIамкIэ кхъуэпIащэхэр итъэкъуанэшэу ар хъущIэрт.

Сэ иджы кхъызгурыIуэрт Хьэбий мыщэм зэрезэуам и хъыбарыр ауэ сытми кхъызэримыгупсысар, атIэ и нэ лъэныкъуэр зэрынэфым щхьэкIэ зыми абы цIэ лей зыфIримыгъэщыну арагъэнт.

Хьэбий сыкхъызэрилъагъуу кхъысщыгуфIыкIащ. Кхъысщытхъащ, езыр куэдрэ кхъызэрытым гу лъыстэу и лъыхъуакIуэ сыкхъызрежьам щхьэкIэ. Чий цIынэ хуэсшинну кхъыщыхъэпIэлъм, си джыдэ жан цIыкIумкIэ асыхьэту кьудамэщIэ кхъыхупызудащ. Ар зыдигъэIэпыкъуурэ щыщ лъэныкъуэм щыщ лъэныкъуэ кхъыжащ. Иджыри жыг кьудамэщIэ Iэплъэ езым кхъызэрипэщри, мащэм иридзащ. КхъуэпIащэхэм къагурыIуа хуэдэ, кьудамэхэм теувэурэ ахэри кьыздэпщеижащ. КхъуэпIащэхэм Хьэбий и Iуфэпльафэр кхъажьыкIри, занщIэу кьыдгурыIуащ ар я анэм зэрыхагъэгъуэщар. Кьапщтэмэ, дыхьэшэнт уакIэпльыплъыну. Си зэрызезэхъ макъыр зэхахри, Будонэрэ Мыщэри кхъыкIуэцIрыкIащ. Кхъэхъар щажетIэжым, ахэри кхъысщытхъащ, «лIыхъужь» цIэри асыхьэту кхъзлэжьащ.

Мэзым дыкъыщыхэкIыжьыжьи, кьедгъэла кхъуэпIащэхэр зыкъомрэ ди ужьым ити кхъкIуащ. ИкIэм-икIэжьым ахэри ткIэрыхужри, дэри псынщIэ-псынщIэу пхъэр гум из зэрытщIыным иужь дихьжащ. ДыкъыщыкIуэжьым гъэгум зы псыкъуий кхъыщипльагъуэу, Хьэбий зэрызигъэкъэбзэкар фIэмащIэу, аргуэру кхъыщыуыIэрт. АпщIондэку щIалэ цIыкIуэр кхъыщIэддзэжьурэ дыдьэшхьэрт. Хьэбий кхъыдэлъэIурт кхуажэм а кхъхъугъэр хэIущIыIу щыдмыщIыну. Арати дызэгурыIуащ бжьыхьэм щыми мэл пшэр зыриз кхъдитмэ, а Iуэхур ди щэхуу кхъызэрынэжьынмкIэ. Хьэбий и псалъэр иIыгъыжат, дэри кхъызэрыдгъэгуГъамкIэ кхъдгъэщIэжакъым.

КIЭРАШЭ Михаил.
Зэрыдзэкlар **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1**. Жыг пхъафэм хьэпIащIэ кхыхэзыуIукIыу зышх къуалэбзу. **4**. И кIэр ... дихуэжащ (унэхъуащ). **7**. Гъэмахуэм Iэщым я фэр изых бадзэшхуэ. **8**. Ху кхъызыщIаIукI къэкIыгъэ. **9**. Бдзэжьей щагъэхъу псы итыпIэшхуэ. **10**. ЩIэбэт, тхъэмахуэ маухуэхэм Абхъазым и цIэр зезыхьэу Налшык щыIэ утыкушхуэм щызэхыхьэ бззэр. **11**. Уи щхьэм ... хуумыщIыжмэ, зыми кхьыпхуищIыкнкъым. **13**. Хьэфэ ... е танкым ит Iэщэ. **17**. Уэзыдэмыхьэ къуэладжэ ... дзэщ. **18**. КIыщокъуэ Алим и роман «Эмирым и ...». **20**. Псым хьэхэщIыкIа бжэмышхышхуэ. **23**. Нысэ кхъызыхуашам йохъуэхъу: «Къуэ-бын ... тхьэм фхуищI». **24**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **27**. ... лъакъуэрэ джэд лъакъуэрэ зыубыда щыIэ? **29**. Жьапщэшхуэ - уэшх, уэс щIэту. **31**. Пасэрей адыгэ хьыбарегъащIэ. **32**. А хадзэкIыр нэхъ IэфI мэхъу жэп теха нэужь. **35**. ГъэшхэкI. **36**. МэкъупIэхэм узыщIихьэлIэ кхуалэбзу цIыкIу, щIагъуэу мылъэтэфу. **37**. Апхуэдэ цIыхухъум мажьэ кхъыздрихьэкIыркъым. **38**. КIыщым щIэт Iэмэпсымэ. **39**. Пасэрей зэрыпыджэ Iэщэ. **40**. Хъуан лIэужьыгъуэ, IэфI дыдэу. **41**. Цыху... ***Къехыу:*** **1**. УсакIуэхэу Гъубжокъуэ Лиуанрэ Джэрыджэ Арсенрэ я кхуажэ. **2**. Къэгубжьауэ хамэ унагъуэ щIэлъадэу къуагъэ зэрыращIэкIым апхуэдэу йоджэ. **3**. Жыгым и зы Iыхьэ. **5**. Къэбэрдей-Балъкъэрым кьеблагъэ туристхэм ящыщ куэдым ди щIыпIэр ... щIыналъэу жаIэ. **6**. Нарт хъыджэбз Iущ. **12**. Жьым щытхъуи ... кьащтэ. **14**. Ди къэралым и псыеижх нэхъ ин дыдэхэм ящыщ. **15**. Аруан районым щыщ кхуажэ. **16**. Темыужу куэдрэ къешх уэшх. **19**. КIанэ. Е атIэ ... **21**. ЩыпсалъэкIэ зэIынэ цIыху. **22**. Жыг лъагэшхуэ. **25**. Удз тхъэмпэшхуэ. **26**. Акъыл зиIэр ахъыныншэми ... **28**. Уеплъмэ - , ..., уеджэмэ - , дэгу. **30**. Егъэлеяуэ дунейр щыщIыIэ. **33**. Джэдкъаз. **34**. КъулыкъущIэм щытхъун зысIэфI, кIэщIэльадэ-кIэщIэжьыж. **35**. ТхакIуэ, публицист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхъэмадэу щыта.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Щэкlуэгъуэм и 23-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **5**. Хьэтуей. **7**. ХьэпащIэ. **8**. Быд. **9**. Хьыжьэ. **10**. Псей. **11**. НэщхьыфIэ. **12**. Хьун. **14**. Бо. **15**. Хьэмыку. **18**. Пыпхэ. **19**. Сэджьт. **21**. Къэп. **24**. ГупкIэ. **25**. Шхуми. **26**. Бгъэ. **29**. Пэтрэ. **32**. Батыр. **34**. Нэджьыдж. **35**. КIуж. **36**. Щэ. **37**. ШыкIуртIым. **40**. Уэзы. **41**. Уэшх. **43**. Бгы. **44**. Дамыгъэ. **45**. ХьэлIамэ. ***Къехыу:*** **1**. Шэпхъ. **2**. ТепIэн. **3**. ХьэIупэ. **4**. Пщий. **6**. Пырхъ. **13**. Нып. **14**. Бэдж. **15**. Хьэм. **16**. Мы. **17**. Кусэ. **20**. Гъупщ. **21**. Къэб. **22**. Пшэ. **23**. Кумб. **27**. Гуэн. **28**. Абдж. **30**. Таж. **31**. Удж. **33**. Тощ. **37**. Шыбгъэ. **38**. Ригэ. **39**. Мухьэз. **40**. Умар. **42**. Хамэ.

Мыщэ

● ГукъэкIыж

Унагъуэ Iуэхум дыкъыдэмыхуэу гъатхэ махуэ хуабэхэр хуэму екIуэкIыр. ИльэситхуфIэкIа сымыхъуами, зэбгъэтIылъэкI мыхъун кьалэн Iэджэ пщэрылъу сиIэт. Ди адэ-анэр лэжьакIуэ кIуа нэужь, си къуэш нэхъыщIэхэм сакIэлъыплъын, ди анэшхуэ Фариздэт сыдэIэпыкъун хуейт. А псом и щIыIужкIэ, пхъэ тыкъырхэмрэ нартыху жэпкъэмрэ зэман-зэманкIэрэ пэщхьэкум издзэн хуейт, мафIэр зэхэмыкIыжьын щхьэкIэ.

Ди хьэхэр си дэIэпыкъуэгъушхуэт: пщIантIэм и хъуреягъкIэ кьыщыкI кIарц жыг лъагэшхуэхэм абгъуэхэр щызыщIа кьанжэхэм щахъымэрт ди джэджьейхэмрэ кьаз, гуэгуш шырхэмрэ. Я хьэкъ кьызэтрагъэнэнутэкъым уафэгум лъагэу зыщцыкIэт кьащыргъэхэми. Хьэхэр мыхъуамэ, махуэр си кIыхьагъым зы щIэжьеи къыданэнтэкъым абыхэм.

АпщIондэку си къуэш нэхъыщIэхэм сакIэлъыплъырт, ахэр згъашхэрт, тезгъэуэрт. Зы дакъикъи уатеплъэкъыкI хъунутэкъым - хадапхэм ит шыпсыранэм ахэр хэпщакъэнкIэрэ хъунут, пщIантIэм дэт псыкъуийм ихуэфынут е, сэ щIэрэ, джагуурэ пшахьэ зыжьэдалъхьэнри хэпльт.

Махуэхэр апхуэдэу зэфэзэщу етхьэкIыртт, зэщыпльуэт. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым псоми зихъуэжащ. ЛэжьапIэ нэужьым ди адэр къыдыхьэжри, ди Iыхьлы Дадэ Хьэбийхэ деж сигъэкIуащ. Нэху зэрыщу, пхъэ кьишэну ар мэз хозяйствэм кIуэн хуейт. Къуажэдэсхэм чэзуэрэр къыщыжралэ махуэм мэзым кIуэри, и пхъэ Iыхьэр кьрашырт. Чэзуэр кьыстIысат. Мэз Iэнатlэр Кусовэ къутырым пэгъунэгъут, нэхъ итпэкIэ Ингушым и Кёскем хъуажжэм ар хьыбэу щытащ (иджы Хурикаум щыщщ).

Хьэбийрэ сэрэ кьыздэщтэн хуейт нэгъуэщI ди гъунэгъу щIалэхэу Жылэхьэжь Будонэрэ Iэпщэ Мыщэрэ. А хъыбарым сэ сыщыгуфыкIащ. Иджыри кьыздэсым мэзым зэи сыщыIатэкъым. Си ныбжьэгъуэм жаIэжырт мэзым мыщэ гъуабжэшхуэ зэрыщалъэгъуар, зи ныбафэр хужь-фIыцIафэ кхъуэпIащэхэр ящыщ лъабжьэжям зэрыщыхьэкIуэр. Абыхэм кхъзжаIэмкIэ, кхъуэпIащэ шырхэр апхуэдизкIэ мэзым щыкуэдщи, уи лъакъуэм кхъыщIозэрыхь, цIыхуми ящышынэркъым. ЩIалэ цIыкIуэр абыхэм мэзым щадэджэгу мыхъумэ, я адэ-анэхэм кхъуадэрэтэкъым а псэущхьэхэр унэм кьыздахьыну. Мэз хуейм губгъуэмэракIуэр щипхъат, шэгъэфIэIуэкIэ бейт. Жыгыку гъуанэхэм бжьэр къопщIыкIри исщ, удэ гъэгъам фор кьыпахрэ итIыысхьэжу. Апхуэдэ зы жьыгыку гъуанэм фо пэгун къыпхуихыну жаIэрт. Ар кхъухьлIэн щхьэкIэ, япэщIыкIэ бжьэхэр я гъуэм хьилагъэкIэ къыпшын хуейт. Ахэр псори зэгъусэу кьиулъэтрэ кхъуэмэ, фIы щIэпхьнукъым.

Апхуэдэ хъыбарэм сыщIагъэдэIуати, си нэ кьикIырт сэри а фIыгъуэхэр зэзгъэльагъуну. Хьэбийхэ сежэкIащ, хъыбар езгъэщIэну.

А пIыр нарт хъыбарэм кхъуэщIж лIыхъужьхэм фIэкIа зэзгъэщхь нэгъуэщI щыIэтэкъым, язныкъуэми и IэчлъэчагъымкIэ мыщэшхуэм ехьэехуэфыну кхъысщыхьурт. Абы и нэ лъэныкъуэр зэпымыууэ пхат. Зэм щэкI хужьжьIэ, зэми - фIыцIафэкIэ. Ар зэлъытар и щIакIуэ пыIэр зэрызэрихьэуэкIырт. Хьэбий ущIыгъумэ, зэманыр зэрыкIуар кхъуымыщIэу нэжэгужэу ежэкIырт.

Езым зэригъэхъыбарымкIэ, зэгуэрым мэзым щыIэу, зы мыщэшхуэ кьебгъэрыкIуэри и нэм дыркъуэ кьытридзат. Нэ лъэныкъуэм зэримылъагъужьым хуэдэу, ар а мыщэм текIуат, и фэри трихри, кьэздикьыжат. Абдеж щегъэжьауэ Хьэбий мыщэхэм ещэкIуэн щIидзащ. Щытхъур фIэфIти, и унэ гъахьышэ щыкIум дыщIишэрти, дигъэлъагъурт пхъэ гъуэлъыпIэхэм ириубгъуэ мыщадфэхэр. Ауэ мэлыфэм нэхьебгъащхьыну апхуэдэт ахэр. Хэт ищIэрэ, мыхэр сабийщ, жиIэу дыкъигъапщIэрэт?! Хьэбий езыр кьуажэм щымэлыхъуэт. Унэми бжэнрэ мэлрэ щикуэдт.

... Жэщым сыжеифакъым, кхъыспщылъ гъуэгуанэм сегупсысырти. Кхъызыщызгъэхъэрт мыщэхэмрэ кхъуэпIащэхэмрэ сещакIуэу, губгъуэмэракIуэр кхъэсщыну, бжьэхэм езыхэм я фор кхъсхуэхьу.

Колхозым шыгу нэхъ ин дыдэу иIэм шитI щIэщIауэ къыдитри, мэзымкIэ дунэтIащ. Сыхьэтитl хуэдэкIэ гъэгу дытетагъэнщ. Будонэрэ Мыщэрэ мащIэу щхьэукъуащ, сэ Хьэбий кхъыжиIэж хъыбархэм си фIэщу седалуэурэ дыкIуащ. Мэзым сызэрыщымыгъуэщэну Iэмалхэм, кхъуэпIащэм зыпэщIэзгъахуэ зэрымыхъунум, нэгъуэщIэмэ абы сыхуигъэIущырт.

Псынщ1эу дынэсауэ кхъыщыхъащ. Мэз хъумакIуэр кхъупежьри, пхъэр щызыхуэтхъэс хъуну щIыпIэр дигъэльагъащ. Апхуэдэуи ехьэкI хэмылъу кьыджиIащ мэзым мафIэ щытщI, хьэкIэкхъуэкIэхэмрэ къуалэбзухэмрэ дгъащтэ зэрымыхъунур.

Будонэрэ Мыщэрэ асыхьэту пхъэр гум иралъхьэн щIадзащ. Жыжьэ сыIымыкIыну Хьэбий унафэ кхъыхуищIри, езыр мэзым хыхьащ. Ауэ япэщIыкIэ джыдэ нэхъ жан щIыкIур кхъызитащ.

Зы сыхьэт хуэдэ дэкIагъэнт алъандэрэ. Хьэбий къыгъэзэжьыртэкъым. Сыкъэгуэзэпати, мурад сщIащ абы и лъыхъуакIуэ сежьэну. ЩIалэхэми зыри яжезмыIэу, си джыдэ цIыкIур кхасщтэри, Хьэбий здиунэтIа лъэныкъуэмкIэ сыкIуащ. Удз кIыр Iувыр игъэхурийуэрэ пхыкIа Хьэбий лъагъуэфI дыдэ кьигъэнат. Абы сытету сокIуэ, удзым хэс тхьэкIумэкIыхь щыкIыр мэзым щыкуэду зэрыжаIар. Гъунэгъу зыкъыпхуэщIыни, я пэ псыфэр кьыпщащхуэрэ макъ хьэлэмэтыщэхэр ирагъащIу бзэхьыжьт.

Мэзым кхуэлэбзу уэрэд IэужьыгъуэУ кьыщIэIукIыр зыхуэдизыр кьыпхуэбжьнутэкъым. АмкIыщхэм лъагъунигъэ уэрэд кхъашыи ярейт, кIыгуугуэхэм я джэ макъымкIэ я шырхэр кьалъхьхуэжырт. Сыт хуэдизрэ сыпсэными кхурисщIэну, абыхэм я джэ макъыр кхъэбжьи щIэздзат, арщхьэкIэ щэм сынэса иужькIи, зэпламыгъэуэжу джэрти, а «пщIыупс цIыкIухэр» си фIэщ сщIыжакъым.

Иджыри си тIэлай хуэдэкIэ сыкIуаэу, Хьэбий и шхыдэ макъ зэхэсхащ. Ар губжьа хуэдэт, зыгуэрым техьущIыхьырт. Абдежым зэрымыщIэкIэ щызэхэсхащ мыщэм езаэуэу зи нэ лъэныкъуэр зыкIэкIуэдар апхуэдэ фэбжь иIэу кьалъхуауэ зэрыарар.

А псом мыхьэнэшхуэ езмыту, ар кхъызэрызгъэтыжа кьудейм сыщыгуфыкIри, и макъыр кхъыздикIыкIэ зэнщIэу сыпхыкIащ. Сызытет лъагъуэр бамэ кхъызрих мащэ кхуэм деж щызэпыурт. Сеплъыхьмэ, а шэдым хэтт Хьэбий. ЯпэщIыкIэ кхъысщыхъащ и нэ лъэныкъуэм зэримылъагъум кхъыхэкIыу, гу лъымытэу ар мащэм ихуауэ. КхъызэрыщIэкIарати, ар езыр абы ехат, шэдым хэхуа кхъуэпIащэ шырхэр кхъихьжьыжьи и гуГэу. АрщхьэкIэ ар шэдым пхыхури, и джыдэри абдеж хэкIуэдат. Апхуэдэ кхъызэрыщыщIамкIэ кхъуэпIащэхэр итъэкъуанэшэу ар хъущIэрт.

Сэ иджы кхъызгурыIуэрт Хьэбий мыщэм зэрезэуам и хъыбарыр ауэ сытми кхъызэримыгупсысар, атIэ и нэ лъэныкъуэр зэрынэфым щхьэкIэ зыми абы цIэ лей зыфIримыгъэщыну арагъэнт.

Хьэбий сыкхъызэрилъагъуу кхъысщыгуфIыкIащ. Кхъысщытхъащ, езыр куэдрэ кхъызэрытым гу лъыстэу и лъыхъуакIуэ сыкхъызрежьам щхьэкIэ. Чий цIынэ хуэсшинну кхъыщыхъэпIэлъм, си джыдэ жан щIыкIумкIэ асыхьэту кьудамэщIэ кхъыхупызудащ. Ар